ЗэфIагъэкIахэр мащIэкъым, нэхъыбэж къапэщытщ

2-нэ нап.

«Ислъамым и нур»

3-нэ нап.

Афэрым, Темыр!

4-нэ нап.

Илъэсым медалкIэ щIедзэ

4-нэ нап.

ФИФ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№10 (24.604) • 2024 гъэм щIышылэм (январым) и 30, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

УРЫСЕЙМ И ПРЕЗИДЕНТ ХЭХЫНЫГЪЭХЭР
2024, ГЪАТХЭПЭМ И 15-17
ЦИК.РФ

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэм къыззритамкIэ

Къэмылэнджагъэм и нэщанэ

Мы махуэхэм ди къэралым Iуэхугъуэ куэд къыщызрагъэпэщащ Ленинград къалэр къэухъуреихьыныгъэм щIыззырагъэкIыжрэ илъэс 80 зэрырикъум теухуауэ. Къэралым и Президент Путин Владимир я пашэу а Iуэхугъуэхэм хэтащ щIыналъэхэм я унафэщIхэр, къулыкъущIэ лъагэхэр. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ПИСКАРЕВКЭ жылэм дэт къхъэм блокадэм зэкIуэдахэм папщIэ щагъэуба сынхэм, «Анэ-Хэку» фэеплъым Путин Владимири къэралым и субъектхэм я лыкIуэхэми, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэри яхэту, удз гъэгъахэр трапльхьащ.

- Ленинград хъущ къэмылэнджагъэм, зэпIэзэрытыныгъэм, лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я нэщанэ лъущ. А къалэм ноби дызэкъуегъуэвэ къэралым и цIыху псори. Апхуэдэу ар хъущ бийм зи щхэр хуэзымыгъэщхъа, зи Хэкум емыпщыжа цIыхухэм я фэеплъ нэху. Дызыхэта Iуэхугъуэр Урысейм и дежкIэ мыхьэнэ хэха зиIащ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек а Iуэхугъуэм теухуауэ.

А махуэ дыдэм КъБР-м и Iэтащхьэр щыIащ «Газпром Арена» стадионым къыщызэрагъэпэща фэеплъ концертым. ЦIыху мин 40-м нэс зэкIуэлIа Iуэхугъуэм хьэщIэ лъапIэу хэтахэм ящыщщ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, тылым и лэжьакIуэхэр, Ленинград къэщIауэхуреихьам абы дэсахэмрэ ахэр зыхъумэхэмрэ. Абдеж Путин Владимир къыхилъхьэри, псори дакъикъкIэ яхуэщIыгъащ а гуэзвэгъуэшхуэм зи гъащIэр ихьахэм.

- Илъэс 80 ипэкIэ Ленинград къэщIауэхуреихьам абы дэсахэмрэ ахэр зыхъумэхэмрэ. Абдеж Путин Владимир къыхилъхьэри, псори дакъикъкIэ яхуэщIыгъащ а гуэзвэгъуэшхуэм зи гъащIэр ихьахэм.

- Ильэс 80 ипэкIэ Ленинград къэщIауэхуреихьам абы дэсахэмрэ ахэр зыхъумэхэмрэ. Абдеж Путин Владимир къыхилъхьэри, псори дакъикъкIэ яхуэщIыгъащ а гуэзвэгъуэшхуэм зи гъащIэр ихьахэм.

- Ди республикэм и Iэтащхьэ а фэеплъ махуэшхуэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм захуигъэзащ.

- Урысейм и тхыдэм хэмыгъуэщжьын лъэужь къыщызыгъэна Iуэхугъуэщ Ленинград блокадэр. Ди щхьэр яхудогъэщхъ лIыгъэрэ хахуагъарэ зыхэлъу къалэр бийм къыIэщIэзыхыжа зауэлIэхэм, бийм пэщIэту, Хэкум емыпщIыжу апхуэдиз зэманкIэ гъгъуэкъыщхуэкIэ зышэнэгъуэ щыта къалэдэсхэм, - къыхихгъэщащ КIуэкIуэ Казбек. - Ленинграддэсхэм я лIыгъэр нобэрей щIэблэхэм ди щапхъэщ, лъэпкъыбэ къэралым исхэр дызэкъуэзыгъэзывэщ, къыгопщIэтэхэм дапэлъэщыныкIэ къару ин къытхэзыльхьэщ.

Ленинград зыхъумахэм мыкIуэдыжьын щIыхь яхудощI! Блокадэм иса къалэдэсхэм ди щхьэр яхудогъэщхъ!

ЩIалэгъуалэ пэрытхэр

Налшык къалэм Къалэн куэд щагъэзащIэ и щIалэгъуалэ центрым щыIыщыпэм и 26-м щытепсэльыхьащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ папщIэ къызэрагъэпэща «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысей зэгурыIуныгъэм зэфIигъэкIамрэ къыдэкIуэтей щIэблэр гъэсэным абы хуищI хэлъхьэныгъэр зыхуэдэмрэ.

ЗЭIУЩIэР къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и комитетым, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, ЩIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министерствэхэм. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министр **Лу Азэмэт**, егъэджэныгъэ IэнатIэм и лIыкIуэхэр, школ унафэщIхэр, районхэм я щIыпIэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къыщыззэIуихым, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим жиIащ къэIэта Iуэхум щыпэпсэльыхьыну къыхаха Iуэхущ Iапи Iэм псом илъ къихуэу зэрызыщапльыхьар икIи абы щIалэгъуалэм зэрызыщаужьыну, я къэуыным зэрыщыкагъэхуэну Iэмал псори къыщызэрагъэпэщауэ къызэрилытэр.

- Шэч къытесхьэркъым Къалэн куэд щагъэзащIэ мы центрым къэкIуэлIэхэм я зэфIэкIым мыбдеж зэрыщыкагъэхуэфынум, цIыхум яхэтныкIэ сэбэп ар зэрахуэхъунум, - къыхигъэщащ къэпсэльам. - ЩIалэгъуалэр жылагъуэ лэжьыгъэхэм жыджэру хэтмэ, Iуэхугъуэ зэхуэмыдизэм теухуауэ я проектхэр ягъэхьэзырыфу загъасэмэ ди щIыналъэм, къэралым я къжкIуэным хуэщхьэпэнчэ. Аэр щапхъэ яхуэхъун хуейщ яужь ит нэхъыщIэхэмк. «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм щыпхагъэкI Iуэхуэхэм я лъабжьэ хъун хуейр хэкупсэ гъэсэныгъэрщ, зы гупсысэм льэпкъэкIэ зэрызэкъуигъэувэнырщ. СызэреплъыныкIэ, Iуэхущ Iапи Iэм зыхуигъэувэк къалэнхэр игъэзащIэфынущ, пэжьыгъэм хэзыщIыкIэхэр абы щызэщIэгъэуIуащи.

- Гъэсэныгъэр цIыхубз шынагъуэншагъэм и лъабжьэщ. Нобэрей зэIущIэм кьедгъэблагъэр мы Iуэхум фIыуэ хэзышIыкI икIи елэжь Iэщ Iагъэлъэращ. «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» Iуэхущ Iапи Iэм и лэжьыгъэр зэрызэтриублэрэ куэд мыщIами, икъукIэ мыхьэнэзыуэ зэриIэр наIуэ къэхуащ. Нобэ дыхуейт лэжьыгъэр къэзылъэхъэнкIэ хъуну щыIэхэм зэгуэхуэ дытепсэльыхьыну, адэкIэ дыззэрызэдэлэжьэнур наIуэ къэтщIыну, - жиIащ Емуз Нинэ.

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и советым и унафэщI **Шыпш Аслъэн** видеоролик зэхагъэувам тепсэльыхьурэ къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Iуэхущ Iапи Iэр къызэрызэрагъэпэща щыкIэмрэ илъэсым и кIуэцIкIэ зэфIагъэкIамрэ. Абы зэрыжиIамкIэ, зэгухьэныгъэм и къудамэхэр республикэ псом къыщызэIуахащ, школхэм, курыт щIэныгъэ щратхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэр къызэщIаубыдэу. Мы зэманым зэщIэхъеенигъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэ мин 17-м щIигъу хэтщ.

- Зэгухьэныгъэм и мурад нэхъыщхьэр къыдэкIуэтей щIэблэм я зэфIэкIэр зыхуаугъэнэтIынур ягъэбелджылыныкIэ дэIепыкъуэгъу дахуэхъун зэрыхуейрщ. А Iуэхум ехьэлIауэ зыхуэдгъэувыж къалэнхэр къыдэхъулIэныкIэ щIэгъэкъуэныфI, дауи, къытхуохъу министерствэхэри. Нэхъыбэу ди пэжьыгъэр курыт школхэм зэрыщIекIуэкIыр къэпльытэмэ, адэкIэ дыхуейт адэ-анэхэми нэхъ жыджэру дадэлжьэну, дызэрыщIэу зы Iуэхум ди къарур тедухуэну, - жиIащ Шыпшым.

Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и ялэ къуэдзэ **Оганезовэ Фатимэт** тепсэльыхьащ «Пэрытхэм я зэщIэхъеенигъэм» и лэжьыгъэр зэрауэнэтIым, а Iуэхум хэтхэр пэшхэмрэ техникэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщам. Апхуэдэуи абы къыхихгъэщащ зэгухьэныгъэм и IуэхущIафэхэм щIалэгъуалэр дихьэхыу зэрыхэтыр.

ЗэщIэхъееныгъэм зэрызыужьынум теухуауэ я Iуэху еппыкIэхэр зэIущIэм къыщагъэльагъуащ Налшык къалэм дэт гимназие №14-м и унафэщI **Жамборз Риммэ**, Налшык къалэм дэт курыт школ №6-м и унафэщI **Текуев Аслъэн**, «Навигаторы детства» урысейпсо ресурс центрым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Кулимовэ Залинэ**, а Iуэхущ Iапи Iэм и лэжьыгъэр Тэрч районым щызэзыгъэуIу, Урысей сабий-ныбжьыщIэ центрым и Iэщ IагъэлI пажэ **Шэрыб Людмилэ**, «Пэрытхэм я зэщIэхъеенигъэ» зэгухьэныгъэм зи сабий хэзыгъэхьа **Суановэ Залинэ** сымэ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КIыщокъуэ Алим ягу къагъэкIыж

• Фэеплъ

Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим дунейм зэрехьэрэ илъэс 23-рэ щрикъум ирихьэлIэу пэкIу щекIуэкIащ абы и фэеплъым деж. КIыщокъуэ Алим и цIэр зезыхьэ уэрамым тет Налшык къалэ администрацэм и гупэм къит фэеплъым деж щызэхуэсахэм яхэтт тхакIуэр фIыуэ зыщIыхуу щытахэр, жылагъуэ, политикэ Iуэху зезыхьэхэр, гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр, лъэпкъ интеллигенцэм щыщхэр, усакIуэм и благъэхэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр, и усэхэр фIыуэ зылъагъуэхэр.

- ПЩIЭ зыхуэсщI ныбжьэгъуэх! Ди жагъуэ зэрыхъунщи, КIыщокъуэ Алим къызэрытхэмыгъэжьыр. Щагъэвар дыгъуасэ хуэдэми, абы и фэеплъри илъэс 15 мэхъу, - жиIащ усакIуэ Хьэту Пётр. - Алим теухуа гукъэкIыжкэр си куэдщ. Зэгуэр и деж ориГэблагъэуэ сыхьэтищым щIигъукIэ дызэпсальат. Сигу кьинэжащ, бгырысым зэрихьэлу, и плIэр уардэу абы щыгъуэ зэрызиIыгъар. Ар цIыху гуапэу, дэркIэ щапхъэу щытащ. И хьэдрыхэ нэху ухъу!

КЪБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, лъахэхутэ, кьохутакIуэ, тхылъ тедзапIэм и унафэщI Котляровэ Марие и псалъэм кьыхихъэщащ литературэм, тхыдэм дихьахэр, усакIуэм и фэеплъыр зыщымыгъупщэжм мы зэхьыхьэм зэрызыкъэрагъэхьалIар. Абы жиIащ КIыщокъуэм 1994 гъэм адыгэбзэкIэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Лъапсэ» романыр Мэремкъуэ Ларисэ мы гъэм урысыбзэкIэ зэрызэридзэкIар икIи ар къыдэгъэкIыным зэрыхуигъэхъэзырар. КIыщокъуэм литературэм щиIа зэфIэкIымрэ а тхыгъэр нобэрей зэманым зэрыпэжджэжымрэ умыгъэщIэгъуэн пльэкIыркъым. Абы къыщыгъэльэгъуэжащ тхакIуэм КIыбзэм яхуиIэ лъагэныгъэр, тхыдэр, гъащIэм и пэжыр.

Щэджэм щIыналъэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и унафэщI Уэдыжь Хьэсанш пэкIум зыкърезыгъэхьэлIахэм ягу къигъэкIыжащ КIыщокъуэ Алим и гъащIэмрэ гущIэмрэ теухуахэр - ар усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэу зэрыщытам къыдэкIуэу, жылагъуэ лэжьакIуэ пэрытри, жэуапIныгъэ зыпылъ къулыкъухэр иныгуи къызэрыгъэугурыкIуар, и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр цIыхубэм фIыуэ зэралъэгъуар, къэрал дамыгъэ куэд къызэрыхуагъэфощар, цIыхум и гум фIыкIэ къызэринар.

КЪБР-м и цIыхубэ усакIуэ Беппаев МутIалип къызэхуэсахэм къахуеджащ КIыщокъуэ Алим хуитха усэм. Апхуэдэу, курыт еджапIэм и еджакIуэхэр КIыщокъуэ Алим и усэхэм къеджащ.

ЗэIущIэр и кIэм щIэнэблагъэ, КIыщокъуэ Алим и фэеплъым удз гъэгъахэр трапльхьащ. Зэхьхьэм хэтахэр Щэджэм щIыналъэм кIуащ, КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я фэеплъхэм пщIэ хуащIыну. Апхуэдэу зэхьхьэхэм щыпащащ КIыщокъуэ Алим и цIэр зезыхьэ музейм. Щэджэм щIыналъэм къыщызэIуаха а музейрщ щахьэмрэ усакIуэм къыщIэна хьэпшыпхэр, сурэтхэр, тхылъхэр. КьрихьэлIакъэ абы щащIпльыхьащ, Алим и IуэхущIафэу щытахэм тепсэльыхьащ, и усэхэм къеджащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЗэфIагъэкIахэр мащIэкъым, нэхъыбэж къапэщытщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IущIащ республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор. Ахэр тепсэлъыхьащ а къулыкъущIапIэм блэкIа гъэм зэфIигъэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэмрэ дызыхыхьа илъэсым къапэщыт къалэнхэмрэ.

ЕХЪУЛIЭНЫГЪЭ нэхъыщхьэхэм ящыщу къалъытащ егъэджэныгъэ IэнатIэр хэпщIыкIыу зэрефIакIуэр. 2023 гъэм я бжэхэр зэIуахащ Куба, Нарткъалэ, Прохладнэ щащIа школыщIэхэм. Аргуэру школиблым я унэхэр Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ, Май къалэхэм, Сэрмакъ, Красносельскэ, Псынабэ къуажэхэм ухуэныр икIэм щынагъэс. Абыхэм къахэхъуэнущ школи 9-м хуащI псэуалъэхэр - Налшык, апхуэдэуи Тэрч, Нарткъалэ, Шэджэм къалэхэм, Прималкинскэ, Александровскэ къуажэхэм, Терскол поселкэм я зырыз. 2023 - 2024 гъэхэм муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэу 11-м псори зэхэту сабий 11474-рэ зыщIэхъуэну школ 19 къызэIуахащ е мы зэманым яухуэ.

Нэгъуэщ I бжыгъэхэри узыщыгуфIыкIынщ. 2022 - 2023 гъэхэм къагъэщIэрэщIэжащ икIи иджырей зэрырагъаджэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ псоми я зэхуэдэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм я унэу 59-рэ. Абы федеральнэ бюджетым къиутIыпща ахъшэу сом меларди 3-м щIигъу трагъэкIуэдащ. Къанэ щымыIэу къагъэщIэрэщIэж апхуэдэ еджапIи 7. А лэжьыгъэм къыдэкIуэу спортым зыщыхуагъэсэну пэши 159-рэ иджырей пщалъэм ирагъэзэгъэжащ. 2025 гъэр къэсыху спортым зыщыхуагъасэ пэшу аргуэру 9 къагъэщIэрэщIэжынущ, спорт клубу 8 къызэIуахынущ.

Республикэм и Iэтащхьэм пщэрылъ къазэрыщищIам тету ягъэхьэзыр зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щаIыгъ IуэхущIапIэхэр къанэ щымыIэу къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ программэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхыхьащ сабийхэм зыщагъэпсэхуну IуэхущIапIэхэм я унэхэр псынщIэу зэрызэфIагъэувэ пэхуэщIэхэр щагъэзэщIэну щIыналъэхэм. «Антарес» центрым цIыхуи 100 щыжеину псэуалъитI къыщызэIуахащ. 2023 гъэм «Кванториум» школ технопарк къыщызэIуахащ Прохладнэ къалэм и гимназие №6-м, аргуэру зым - иджы еханэм - 2024 гъэм Налшык и школ №27-м лэжьэн щыщIидзэнущ.

Школи 181-м къыщызэIуахащ егъэджэныгъэмкIэ «ЗыужьыпIэ» центрыр. Абыхэм ящыщу 37-р 2023 гъэм къыщыщIэдзауэ мэлажьэ, 2024 гъэм аргуэру яхыхьэнущ 13. «Бжыгъэр и лъабжьэу зэрырагъаджэ Iэмэпсымэхэр» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ компьютер техникэкIэ школхэр къызэгъэпэщыным теухуа лэжьыгъэр зэфIэкIащ - абыхэм компьютер техникэу мини 9-м щIигъу иратащ. Республикэм и еджапIэ псоми интернет яIэщ. 2016 гъэм къыщегъэжьауэ нобэр къыздэсым республикэм школ автобус 231-рэ къыIэрыхьащ, школи 158-м щеджэ сабий мини 9-рэ 510-рэ транспорткIэ кърашэкI.

ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм зэраIущIахэм кърикIуахэм япкъ иткIэ 2023 гъэм КъБР-м и Iэтащхьэм и УказкIэ саугъэту дэтхэнэми сом мин 200 хуэзэу иратащ «Илъэсым и егъэджакIуэ», «Илъэсым и гъэсакIуэ», «Илъэсым и ущиякIуэ», «Анэдэлъхубзэм и егъэджакIуэ» зэпеуэхэу я IэщIагъэхэм хэгъэхъуэным хуэгъэзахэм щытекIуахэм, сом мини 100 зырыз ялъысащ абыхэм пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэм.

ИкIи япэ дыдэу ирагъэжьащ егъэджакIуэхэм псэуныгъэкIэ зэрызыщIагъакъуэ мыпхуэдэ Iуэхухэр, зэрыригъаджэ сыхьэт бжыгъэм емылъытауэ, мазэ къэс сом мини 3 хущIагъуныр, езыхэм я лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу къуажэ школхэм физикэмкIэ, химиемкIэ, информатикэмкIэ щезыгъаджэхэм сом мини 5 хуэдиз мазэ къэс иратыным хуэдэхэр. IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм папщIэ ягъэуващ зэрырагъаджэ сыхьэт бжыгъэр зыхуэдизым темыщIыхьауэ зэпымыууэ лажьэхэм япэ илъэсищыр икIыхукIэ я улахуэм мазэ къэс хущIагъуныр. «Къуажэ егъэджакIуэ» пэхуэщIэм ипкъ иткIэ 2020 гъэм къыщыщIэдзауэ егъэджакIуэ 26-м компенсацэ папщIэу сом мелуан хуэдиз иратащ. ЕгъэджакIуэ нэхъыфIхэм я зэпеуэм кърикIуахэм япкъ иткIэ 2023 гъэм егъэджакIуи 10-м саугъэту дэтхэнэми хуэзэу сом мин 200 иратащ. ЕгъэджакIуэмрэ гъэсакIуэмрэ я илъэсым екIуэкIащ щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхуу 60-м щIигъу, щIыпIэхэмрэ школхэмрэ ятещIыхьауэ 700-м нэс. Абыхэм хэтащ цIыху мин 20-м щIигъу.

Сабий акъылыфIэхэр къызэрахутэ икIи зэрыдаIыгъ Iэмалхэр зэхалъхьэ. «Антарес» центрым щрагъэджащ апхуэдэу 920-рэ. ШколакIуэхэм я Урысейпсо олимпиадэм кърикIуахэм япкъ иткIэ республикэм КИФЩI-м япэ увыпIэр щиубыдащ. КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтхэр хуагъэфэщащ апхуэдэ зэпеуэм щытекIуауэ 3-м, къыщыхэжанykIауэ 1-м, щIыналъэ Iыхьэм пашэныгъэр къыщызыхьа 42-м, анэдэлъхубзэхэмкIэ республикэ олимпиадэхэм бжьыпэр щызыубыдаи 6-м икIи сабийхэр зэхьэзэхуэхэм хуэзыгъэхьэзыра егъэджакIуэ 47-м.

Республикэм и школхэм щагъэуващ унафэщIым гъэсэныгъэмкIэ икIи сабий жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и чэнджэщэгъум и къулыкъур. Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм, НыбжьыщIэ армэм дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ «Авангард» центрым япыщIауэ патриот гъэсэныгъэр сабийхэм ягъуэтыным теухуа Iуэхухэр жыджэру ирагъэкIуэкI.

Иужьрей илъэсищым мыIейуэ зеужь курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт IэнатIэми. Апхуэдэ IуэхущIапIэхэм щеджэхэм я бжыгъэм процент 17,5-кIэ хэхъуащ. IэщIагъэ зэгъэгъуэтыным и мыхьэнэми кIуэ пэтми хохъуэ. Республикэм и колледжхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ унэтIыныгъэхэмкIэ лъэщапIэ 43-рэ къызэIуахащ. Гуманитар-техникэ колледжыр и лъабжьэу IэщIагъэм псынщIэу щыхуагъэхьэзыр центр къызэIуахащ, Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжыр и лъабжьэу. «Хабзэхъумэ IэнатIэмрэ Iуэхухэр зехьэнымрэ», Хьэмдэхъу Б. Гъ. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр агропромышленнэ колледжыр и лъабжьэу «Мэкъумэш хозяйствэ» еджапIэ-щрагъасэ кластерхэр къызэIуахынущ.

2023 гъэм республикэр щIэрыщIэу хыхьэжащ федеральнэ щIэныгъэ фондхэм я зэпеуэхэм. Мыхьэнэшхуэ зиIэ щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр, щIэ къэзылъыхъуэхэр дэIыгъынымкIэ Урысей щIэныгъэ фондым сом мелуан 2,2-рэ къиутIыпщащ. Республикэ стипендиехэр студент 51-м, аспирант 30-м хуагъэуващ, псори зэхэту сом мелуани 2,6-рэ хъууэ. КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэту 5, дэтхэнэри сом мини 100 хъууэ, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм щратащ щIэныгъэмрэ инновацэмрэ я IэнатIэм.

2024 гъэм егъэджэныгъэ IэнатIэм нэхъри бжыгъэр зи лъабжьэ Iуэху зехьэкIэр къыхыхьэнущ, зэрырагъаджэ щIыкIэхэр нэхъ зэпыщIа хъунущ. Абы и фIыгъэкIэ джэгухэм хэтурэ ирагъэджэным хуэдэ IэмалыщIэхэр къагъэсэбэпынущ. Гулъытэшхуэ хуащIынущ зи узыншагъэм дерт иIэ сабийхэр зэрырагъаджэ щIыкIэри егъэфIэкIуэнми. А псоми къыдэкIуэу IэщIагъэм хуегъэджэным и IэнатIэр нэхъ тегъэщIауэ щытынущ лэжьапIэхэр нэхъ зыхуэныкъуэхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ягъуэта щIэныгъэм и фIагъыр къызэрапщытэ пщалъэщIэхэри къежьэнущ.

Гузэвэгъуэм хэхуахэм ядоIэпыкъу

Мэзкуу - Налшык автобусымрэ хьэлъэзешэ машинэмрэ щызэжьэхэуа къэхъукъащIэм хэхуахэм ядэIэпыкъуну КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек унафэ ищIащ.

ЩIЫШЫЛЭМ и 28-м Р-217 трассэм и 15-нэ километрым деж, Краснодар крайм хиубыдэ Новолеушковскэ станицэм пэгъунэгъуу, гъуэгум гузэвэгъуэ гущIыхьэ къыщыхъуащ. Автобусым и шофёрымрэ абы иса цIыхуитIрэ, хьэлъэзешэ машинэм дэса шофёрымрэ и гъусамрэ хэкIуэдащ а гъуэгу къэхъукъащIэм. Фэбжь зыгъуэтахэр медицинэ IуэхущIапIэхэм ирашэлIащ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымрэ транспорт IуэхухэмкIэ и министерствэхэм гузэвэгъуэм хэхуахэмрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ зыхуэныкъуэ лэжьыгъэхэр драгъэкIуэкI.

Гъатхасэм топсэлъыхь

Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Патрушев Дмитрий иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм видеоконференц зэпыщIэныгъэ Iэмалхэр къигъэсэбэпу хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн. Апхуэдэуи абы къыхыхьащ къэралым и щIыналъэхэм я АПК-хэм я IэнатIэхэм я унафэщIхэри.

ПАТРУШЕВ Дмитрий зэIущIэм щытепсэлъыхьащ къэралым и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм 2023 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм къарикIуахэмрэ дызытехьа илъэсым къапэщылъ къалэнхэмрэ. Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, мэкъумэшыщIэхэм нобэ я къалэн нэхъыщхьэр гъатхасэм тэмэму зыхуагъэхьэзыру, и зэманыр къэсмэ, ар ныкъусаныгъэншэу ирагъэкIуэкIынырщ.

«ЦIыхухэр губгъуэм ирашэн ипэкIэ щIыналъэхэм псоми къапэщылъщ вэн-сэным ехьэлIауэ ахэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэрагъэпэщыну», - къыхигъэщащ Патрушевым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм еужьэрэкIыу зыхуагъэхьэзыр гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм. Вэн-сэным ехьэлIауэ щыIэ хабзэхэм тету нэгъабэ бжьыхьэсэр ирагъэкIуэкIащ икIи абы гектар мин 70,6-рэ хухахащ. КъэкIыгъэхэм я щытыкIэм иджыпсту ущIытегузэвыхьын щыIэкъым - жылэр щIым хиубыдащ, хьэрзынэуи зауэж.

«Россельхозцентр»-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и IэщIагъэлIхэмрэ республикэм и щIыналъэхэм АПК-мкIэ я управленэхэм я лэжьакIуэхэмрэ дзыгъуэхэм япэщIэтыным, ахэр гъэкIуэдыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкI.

Унафэ зэрыщыIэмкIэ, мэкъумэшыщIэхэм гъатхасэм мы гъэм гектар мин 211,6-рэ хухахынущ. Псори зэхэту гъавэр зытращIэнур гектар мин 281,7-рэ мэхъу. Ар 2022 гъэм щыIам хуэдизщ.

МэкъумэшыщIэхэм иджыпсту жыджэру щIыгъэпшэрхэр кърашалIэ, жылэхэр ягъэхьэзыр, мэкъумэш техникэхэр зэрагъэпэщыж. ЖыпIэнурамэ, сыткIи зэпэщу губгъуэм ихьэн папщIэ зэфIагъэкIыпхъэ къагъанэркъым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым республикэм узыншагъэ Iуэхум щиIэ щытыкIэм теухуауэ «Правительствэм хухах сыхьэт» щекIуэкIащ.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ щыIэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпыпхъэщ

ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬЫР зэпкърыхауэ ягъэбелджылащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Батыр Заурбэчрэ** «Роспотребнадзор»-м и щIыналъэ къудамэу республикэм щыIэм и унафэщI **Пагуэ Жыраслъэнрэ**.

Батыр Заурбэч зэрыжиIамкIэ, 2023 гъэм щIыналъэм узыфэ зэрыцIалэхэм цIыху мини 103-м щIигъум япкърыту къахутащ. Ар процент 36-кIэ нэхъ мащIэщ 2022 гъэм щыIам нэхърэ. Инфекцэ узыфэ лIэужьыгъуэхэу дизентериемкIэ, ковид-19-мкIэ, энтеровирусымкIэ, педикулёзымкIэ, тэмакъым къыщыхъей инфекцэхэмкIэ сымаджэхэр нэхъ кIащхъэ хъуащ.

Тэмакъым къыщыхъей инфекцэхэмрэ COVID-19-мрэ нэхъ мащIэ хъуа пэтми, 2023 гъэм пыхусыхумрэ нэхъ щабэу япкърыкI пневмониемрэ къызэуэлIахэм я бжыгъэр нэхъыбащ. Илъэс кIуам псчэузыр (коклюш) цIыху 17-м япкърыкIащ. 2022 гъэм ар къеузу сымаджэщым екIуэлIaIакъым.

Илъэс кIуам эпидемиологие щытыкIэр нэхъ ета ищIащ фэгъазэм (корь). Зэрыкъэралу куэдым ефыкIа а узыфэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэми, ди республикэми къалъэIэсащ. 2022 гъэм фэгъазэр цIыхуитI къудейм япкърыкIамэ, 2023-м абы игъэсымэджащ цIыху 90-м щIигъу, - къыхигъэщащ Батырым.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кърым гемморагическэ техьэгъуэр (ККГЛ) нэхъ зыхуэлъэ щIыналъэхэм ящыщщ. Ауэ 2023 гъэм узыфэр республикэм щыIакъым. Абы щыгъуэми, мэлхьэпIатIэ зэдзэкъахэм я бжыгъэри процентi 10-кIэ нэхъыбащ.

Ди республикэр хабжэ къэралым и щIыналъэхэу емынэ узыр нэхъ зыхуэлъэ щIыпIэ 13-м. «Роспотребнадзор»-м и щIыналъэ къудамэу республикэм щыIэм, емынэ узым пэщIэтынымкIэ абы къегъэщIылIа станцым, Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм ирагъэкIуэкIащ а узыфэ бзаджэр къэхутэным епха зыгъэсэныгъэхэр. Медицинэ IуэхущIапIэхэм къыщызэрагъэпэщащ узыфэ бзаджэ зэрыцIалэхэр къэхъеиным пэщIэтынымкIэ зыгъэсэныгъэ 40 хуэдиз. Абы хэтащ цIыху 3227-рэ.

● КъБР-м и Парламентым

Батыр Заурбэч щхьэхуэу къытеувыIащ жьэн узым и Iуэхум. Ар зыпкърыт балигъхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэу ятхами, илъэс 17 иримыкъуа ныбжьыщIэхэм нэхъыбэу къайуалIэ зэрыхъуам уегъэгузавэ.

2023 гъэм гъудэ дзэкъапIэм къыхэкIа техьэгъуэр (лихорадка Западного Нила) ефыкIащ зы цIыхум. Ауэ а зэманым къриубыдэу республикэм къыщахутакъым дифтерие, столбняк, паротит, краснуха, туляремия, сыбыр цIынагъэ, лептоспироз, техьэгъуэ (малярие), хуабэуз, полиомиелит узыфэ шынагъуэхэр.

Узыфэ зэрыцIалэхэр къэхъеиным пэщIэтыным теухуауэ республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм эпидемиологие шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ Iэмалхэр щагъэбелджылы. 2023 гъэм «Медицинэ лэжьыгъэхэм я фIагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ» унэтIыныгъэмкIэ «Росздравнадзор»-м и сертификат иратыжащ медицинэ IуэхущIапIэу 8-м. Апхуэдэу, сымаджэщхэм къабзагъэм къыхуеджэным, цIыхухэм я иммунитетыр гъэбыдэным, эпидемиологие щытыкIэр тэмэм щIыным епха Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкI.

Пагуэ Жыраслъэн къызэрыхигъэщамкIэ, пыхусыхур нэхъыбэ дыдэу къыщекIуэкIыну пIалъэу щытыну хуагъэфащэ мазаер. 2024 гъэм и япэ тхьэмахуищым къриубыдэу ОРВИ-р сымаджэ 5600-м щIигъум япкърыту къахутащ.

2023 гъэм икухэм COVID-19 уз зэрыцIалэр нэхъыбэу щыIащ республикэм. Иджы ар нэхъ кIащхъэ хъуащ. Пагуэм къызэрыхигъэщамкIэ, узыфэр къыщыунэхуагъащIэм нэхърэ, ар иджы нэхъ тыншу япкърыкI хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпымыууэ щыкIэлъоплъ ковидым и лIэужьыгъуэ зызыхъуэжхэм, пыхусыхум и екIуэкIыкIэхэр къыщапщытэ. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, пыхусыхумрэ ковидымрэ узэреIэзэхэр зэтехуэркъым, абы къыхэкIыу ипэжыпIэкIэ узыр къэхутэным хуэсакъын хуейщ.

Республикэм фэгъазэр нэхъыбэ зэрыщыхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу Пагуэ Жыраслъэн къыхигъэщащ адэ-анэхэм абы пэщIэт вакцинэр я быным храгъэIун зэрамыдэр.

«Правительствэм хухаха сыхьэтым» щытепсэлъыхьащ «Къэралым и узыншагъэ мэIуху» федеральнэ проектым хэту игъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэм, узыфэ зэрыцIалэхэр къэхутэным теухуауэ хамэ къэралхэм къикIахэмрэ зыгъэпсэхуакIуэхэмрэ ядэлэжьэнымкIэ Iэмалхэм.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ СПИД-мрэ инфекцэ узыфэхэм пэщIэтынымкIэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ **Иуан Маринэ**. Ар тепсэлъыхьащ коронавирус пандемием и лъэужьхэм, къыхигъэщащ нэхъ щабэу цIыхухэм япкърыкIыу щыта инфекцэхэри иджы нэхъ къатехьэлъэ зэрыхъуар. Абы теухуауэ псом япэу гулъытэ хуэныкъуэщ сабийхэр. Псчэузымрэ фэгъазэмрэ республикэм куэд зэрыщыхъуам къыхэкIыу, абы цIыхухэр къыхуреджэ я иммунитетыр зыгъэбыдэ Iэмалхэр Iэпэдэгъэлэл ямыщIыну.

КъБР-м и Парламентым лэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Безгодькэ Владимир** щIэупщIащ коронавирус уз зэрыцIалэр къэхъеиж хъужыкъуэмэ, республикэр абы зэрыхуэхьэзыр щIыкIэм.

Батыр Заурбэч жиIащ апхуэдэ шынагъуэхэм зэрыхъукIэ зэрыпэщIэтыфыр КъБР-м къызэригъэлъэгъуар, ауэ, итIани, ар къэмыгъэхъуным ерыщу яужь итыныр нэхъ тэмэму къызэрилъытэр.

КПРФ-м и фракцэу Парламентым хэтым и унафэщI **Пащты Борис** медицинэм теухуауэ депутатхэр сэбэп зэрыхъуфыну Iэмалхэр наIуэ къащIмэ зэригуапэр къыхигъэщащ. Батырым жиIащ узыфэ зэрыцIалэхэм япэщIэт вакцинэхэр цIыхухэм зыхрагъэлъхьэным тегъэгушхуэнымкIэ ахэр сэбэп зэрыхъуфынур.

ЗэIущIэм къыщаIэтащ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри. Апхуэдэу, республикэм и хабзэубзыху органым и зэхыхьэгъуэр мазаем и 8-м ирагъэкIуэкIыну траухуащ. Унагъуэм и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм щытепсэлъыхьыну зэIущIэм ирагъэблэгъэнущ политикэ партхэм хэту, КъБР-м и Парламентым къыщымыгъэлъэгъуахэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ я Iуэхур зэтеублэнымкIэ КъБР-м и Законым и 6-нэ, 9-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным.

Депутатхэр хеплъащ УФ-м и щIыналъэхэм къагъэха федеральнэ закон щхьэхуэхэмрэ зэрызыкъыхуагъазэ тхыгъэхэмрэ. Ахэр ехьэлIащ къэрал къулыкъум, УФ-м и промышленнэ политикэм, мылъку къегъэщIыным пымылъ зэгухьэныгъэхэм я лэжьэкIэм, УФ-м и Налог, Бюджет, Лэжьыгъэ кодексхэм.

Унафэ къащтащ мэкъумэш IэнатIэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм къыщыхэжаныкIахэр КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъкIэ ягъэпажэну.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Дохутырхэм я хасэм и лъэр егъэбыдэ

«Дохутырхэм я хасэ» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и ещанэ зэхуэсыр «Урысей» гъэлъэгъуэныгъэ-зэхыхьэ иныр щекIуэкI ВДНХ-м щызэхэтащ. Абы къыщызэщIакъуэжащ Хасэм 2023 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIащ АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и советым КъБР-м къыбгъэдэкIыу щыIэ Къанокъуэ Арсен, АР-м и сенатор Хъупсырокъуэ Мурат, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, АР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Мерэтыкъуэ Рустам, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Сабий хирургиемрэ травматологиемкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым нейрохирургиемкIэ и къудамэм и унафэщI, «Дохутырхэм я хасэм» и Iэтащхьэ Семэн Жаннэ, хасэм хэтхэр.

Хасэр 2022 гъэм и жэпуэгъуэм къызэрагъэпэщащ, абы щыгъуэм хэтар цIыхуи 100 хъууэ щытамэ, иджы ар куэдкIэ нэхъыбэщ. НобэкIэ а зэгухьэныгъэм Iуэху щащIэ медицинэ IэщIагъэлIи 192-м, ахэр Москва и медицинэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щылажьэхэмрэ къалэ, федеральнэ сымаджэщхэм щыIэ дохутырхэмрэщ. Зи гугъу тщIыхэм яхэтщ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктору 20, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидату 33-рэ. «Дохутырхэм я хасэм» и унафэщIым иджыри тIу дыщIагъуащ - Мейкъуапэ къэрал технологие университетым и ректор Къуиижь Саидэрэ Ломоносовым и цIэр зезыхьэ Москва къэрал университетым и Медицинэ щIэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь ПщыхьэщIэ Ахьмэдхъанрэ.

Хасэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар крайм я медицинэ IэнатIэм зегъэужьынымкIэ пщIэншэу ядэIэпыкъуныр. Апхуэдэуи зэгухьэныгъэм хэтхэм IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм зыщIагъакъуэ, медицинэ егъэджэныгъэм, медицинэ щIэныгъэм, медицинэ IэщIагъэм я зэпыщIэныгъэр ягъэбыдэкIэрэ ди дохутырхэм я зэфIэкIыр хагъахъуэ.

Езы ди лъэпкъэгъу дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, Хасэм и уставым къыщыгъэлъэгъуащ зэрылэжьэну лъэныкъуитIыр, ар: щIыхьэхурэ къаныгъуэрэщ. Закъыхуэзыгъазэ сымаджэхэм зэрадэIэпыкъунур, медицинэм хуеджэ студентхэмрэ IэщIагъэм пэрыхьагъащIэхэмрэ я Iэзагъыр хагъэхъуэнымкIэ зэрегугъунур а адыгэ псалъитIым къагъэлъагъуэ.

Ди къэралым и сымаджэщ, институт нэхъыфIхэм ди лъахэгъу куэд ехъулIэныгъэхэр яIэу щолажьэ, ахэр республикэхэм икIахэм ядэIэпыкъуну сыт щыгъуи хьэзырщ. Апхуэдэу зэрыщIэу зэрылажьэм и фIыгъэкIэ блэкIа пIалъэм къриубыдэу цIыху 500-м щIигъум зыщIагъэкъуащ. Сымаджэхэр Москва зэрыкIуэнури, здэгъуэлъыну сымаджэщри, зэкIуэлIэну дохутырри, зэрызигъэхъужынури яубзыху мы дохутырхэм.

КъищынэмыщIауэ, «Къаныгъуэ» проектым хыхьэу дохутыр ныбжьыщIэ 12-м ядэIэпыкъуащ гъэсакIуэу 10. Апхуэдэуи адыгэ дохутырхэр и жэрдэмщIакIуэу Москва щIэныгъэ-практикэ конференц зыбжанэ щызэхашащ, Адыгеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ егъэджэныгъэ курсхэр щрагъэкIуэкIащ. Ахэр ехьэлIат терапием, кардиологием, офтальмологием, урологием, акушерствэм, гинекологием, нейрохирургием, нэгъуэщIхэми. Мы гъэм а курсхэм хагъэхьэнущ онкологием, дерматовенерологием, луч диагностикэм, фармакологием епха лекцэхэри. Апхуэдэ егъэджэныгъэхэм нэмыщI, я IэщIагъэм зэрыхашэ школ-семинархэр къызэрагъэпэщыну я мурадщ, сабий хирургиемрэ травматологиемкIэ - Налшык, нейрореабилитацэмкIэ - Мейкъуапэ. Студентхэм нэмыщIи, а семинархэм екIуалIэ хъунущ ди хэгъэгухэм щылажьэ дохутырхэр. Зи гугъу тщIы школхэм щызэпкърахынущ медицинэм и иджырей Iэмалхэмрэ узыфэ нэхъ гугъухэм я еIэзэкIэмрэ. Дохутырхэм лекцэ къахуеджэнур зи IэщIагъэм кууэ хэзыщIыкIхэрщ, абыкIэ адрейхэм шэрыуэу ядэгуэшэфхэрщ, къэралым и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ центрхэм, еджапIэ нэхъыщхьэ цIэрыIуэхэм щылажьэхэрщ.

Къыпхуэмылъытэну щхьэпэщ мы зэгухьэныгъэм и фIыгъэкIэ лэжьэн щIэзыдзагъащIэ дохутырхэм IэщIагъэм и пIалъэр зэрырагъащIэр, дохутыр лъэрызехьэхэм ябгъурыту ирагъэлъагъухэр, махуэ къэс щIэуэ къежьэ медицинэ Iэмэпсымэхэр республикэхэм тыншу къыщагъэсэбэпу ди IэщIагъэлIхэр зэрыхуагъасэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ПсэукIэр ирагъэфIакIуэ

Урысей и Президентым и жэрдэмкIэ къыхалъхьауэ илъэс зыбжанэ хъуауэ къэралым щолажьэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа программэхэмрэ проектхэмрэ. Абыхэм зэфIагъэкI Iуэхухэм арэзы къызэрищIым теухуауэ языныкъуэхэм хухаха пIалъэм къыпащэ.

ЩХЬЭПАГЪЫШХУЭ зиIэхэм ящыщщ «Къуажэ егъэджакIуэ» программэр. Абы и фIыгъэкIэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр IэнатIэкIэ къызэрызэрагъэпэщым и мызакъуэу, къуажэ пхыдзахэм щыIэ курыт школ куэдым зыхуэныкъуэ егъэджакIуэхэр яIэ хъуащ. УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ программэм 2030 гъэ пщIондэ къыпащэнущ. Абы хэтынухэм мылъкукIэ зыщIагъэкъуэнущ - дэтхэнэми школым зэрыщылэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIидза нэужь сом зы мелуан кърatынущ. Программэм мыхьэнэшхуэ иIэщ Урысейм и щIыналъэ жыжьэхэм я егъэджэныгъэ IэнатIэр дэIыгъынымкIэ.

И дэIэпыкъуныгъэм хегъахъуэ

ФРГ-м и канцлер Олаф Шольц къелъытэ ЕС-м хыхьэ адрей къэралхэми Украинэм ират дэIэпыкъуныгъэхэм хагъэхъуапхъэу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Германием и закъуэ къарукIэ апхуэдэ къалэнышхуэм пэлъэщынукъыми.

«ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭМ хэт къэралхэм псоми зэхуэдэу Украинэр даIыгъын хуейщ, зым и дэIэпыкъуныгъэр нэхъыбэу, адрейм зыщIригъэхыу щытыныр къеэзэгъыркъым, - щыжиIащ абы Германием и социал-демократие партым иригъэкIуэкIа конференцым къыщыщыпсалъэм. - Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъур къэгъэувыIэнымкIэ иджыпсту мыхьэнэшхуэ зиIэ зэманщ. Абы къыхэкIыу мазаем и 1-м ЕС-м иригъэкIуэкIыну зэхыхьэм Киев зэрызыщIэдгъэкъуэнум теухуа Iуэхур къыщысIэтынущ».

ЩIышылэм и 30, *гъубж*

✦Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ я дунейпсо махуэщ

✦1943 гъэм 6-нэ нэмыцэдзэм Сталинград деж зыщитащ. Ар Хэку зауэшхуэм советыдзэхэр щытекIуэным щIэдзапIэ хуэхъуауэ къалъытэ.

✦1951 гъэм къалъхуащ Беслъэней къуажэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, КъШР-м и цIыхубэ дохутыр **Къуэн Валентинэ**.

✦1954 гъэм къалъхуащ УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, адыгэ щIыналъэм теухуа фильм зыбжанэ тезыха, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэгъаплъэ Аскэрбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 3 - 2, жэщым градуси 6 - 5 щыхъунущ.

ЩIышылэм и 31, *бэрэжьей*

✦Фаджэ (проказа) узыфэр зыпкърытхэм защIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ

✦ДыщэкIым и дунейпсо махуэщ

✦1924 гъэм Советхэм я етIуанэ съездым къыщаштащ СССР-м и япэ Конституцэр.

✦1991 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ республикэм и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр.

✦1996 гъэм къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм зегъэужьыным теухуа къэрал программэр.

✦1837 гъэм къалъхуащ тхыдэдж, филолог, журналист **КIашэ Адэлджэрий**.

✦1926 гъэм къалъхуащ адыгей уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, композитор, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Сэмэгу Гуэщнагъуэ**.

✦1974 гъэм къалъхуащ журналист **Ныбэжь Таисэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3 , жэщым щIыIэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хуэмыху и Iуэху махуитху и пIалъэщ.

«Бэкъэрэ» сурэм узригъэгупсысхэр

Шэрихьэт щІэныгъэхэмкІэ доктор, «Мансур» мэжджытым и Имам Щхьэныкъуэ Анзор «Бэкъэрэ» сурэм ныхэщ щапхъэхэр зэпкърихыурэ, щІыхум и гуп и къабзагъымрэ ихьиныжи зэрыхуейр къыщыдгурегъаІуэ и хъу-тІбэм.

КЪУРІЭН лъапІэм е суннэ къабзэм зыгуэр къыщыкІуарэ щІэныгъэлІхэми ар гурыІуэгъуэу зэпкърахьыжу ди пащхьэ къралъхьэжамэ, абы иужькІэ упщІэ лей Іэхум къыхэмыкІыжу, щхьэусыгъуи унафэм къыхуэдмыгупсысыжу, дзэ ІэщІэщІэн хуейуэ аращ, дымусыдымэнэр пэжмэ. Унафэм упщІэ лей къыхэгъэкІыжыныр, умыдэІуэн папщІэ щхьэусыгъуэ къебгупсысыныр хьэл нэхъ мыхъымыщІэ дыдэхэм ящыщщ. Абы теухуауэ Бегъымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ эзхам мыпхуэдэу жеІэ: «Алыхьталэм икъукІэ упщІэ лейр и жагъуэ». УпщІэ лейхэмкІэ нэхъ ерыщу щыта лъэпкъыу КъурІэным къыхигъэщыр журтхэращ. Унафэр ямыгъэззэщІэн щхьэкІэ, мыр сыт, мор сыт, ар сыт щхьэкІэ жаІэурэ упщІэ лейхэр щатым, Алыхьталэм я мурад бзаджэр къадищІэрти, диныр нэхъри хьэлъэ ящищІауэ, абы ипкъ иткІэ къатехьэлъэ щыхъум, диныр эблашауэ къыхощ КъурІэным. «Фатихьэ» сурэм и ужькІэ дызрихьэлІэ «Бэкъэрэ» («Жэмыр») сурэм нэрылъагу дыдэу къыхэщ хьыбарыр абы теухуащ. Сурэ псом а хьыбарым и цІэр фІащащ, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуари мыращ.

Журт лъэпкъым я зэхуаку укІыгъэ хьэдэхъуат. ЦІыху укІа къагъэтат, зыыкІар хэтми ящІэртэкъым. Арати, зым адрейр игъэкъуэнщэжу хуежьащ. «ЦІыху фукІри, ар зым адрейм тригъэхьэжу фызэпкІуэкІуу щІэвдзащ, ауэ фи щхэур Тхьэм наІуэ къыщІынущ», - жеІэри къыщокІуэ зи гугъу тщІа сурэм.

ЩІэхур наІуэ къэхъун папщІэ, Алыхьталэм унафэ ещІ абыхэм жэм фІагъэжьин хуейуэ. Ар журтхэм гъэщІэгъуэн ящыхъуащ, уеблэмэ Мусэ бегъымбар лъапІэм мыпхуэдэ хьэдэгъуэдахэ ирапэсащ: «Ауан дыкъэпщІу ара уз?» - жаІэри еупщІащ. Мусэ зэрыбегъымбарыр ящІэ пэтрэ, жиІэхэри Алыхьталэм къызэрыбгъэдихьыр я фІэщ хъу пэтрэ, итІани апхуэдэ Іэдэбышагъэ, нэмысыншагъэ я жьэм хърагъэкІуащ. Муси, Алыхь унафэм гушыІэ хэплъхь зэрымыхъунур ищІэрти, жиІащ: «Алыхьым сыщІхьумэ щІэныгъэншэхэм ящыщ сыхъунымэ». Мис абдежым щрагъажьэри, ныкъуэкъуэным адэкІэ къыпащащ журтхэм. Унафэр ягу ирихьыртэкъыми, упщІэ лейхэр къату щІадзащ. ЯпэщІыкІэ жэмым и ныбжьым, абы иужькІэ жэмым и фэм, итІанэ ар къыззрагъэсэбэп щІыкІэм. Апхуэдизым щІэмыупщІэу, «жэм фІэвгъэж» къыжраІа ныжь, сыт хуэдэ жэм фІагъэжами, унафэр гъэззэщІа хьунут. АрщхьэкІэ я ныкъэкъуэным Іуэхур хьэпэ ищІащ. ЩІэныгъэлІышхуэз гуэрым гу зэрыпТитауэ: «Алыхьталэм жэмыр фІагъэжыну журтхэм я пщэ къыщыдилъхьар жэм теплъэ гуэрым хуэпщІылІыну иужь ихьауэ зэрыщытаращ. Кьытралъафэу фІагъэжж жэмым «тхьэ» фІэщыщ уэхэпщІылІыныр зэрыакъылынщагъэр къагурыгъэІуэн папщІэ. Унафэр зэрымыджэгур, ауан щІащІын щхьэусыгъуи зэрыщІымыІэр наІуэ хьэщ, жэмым и зы Іыхьэ гуэр лІам щыпТагъэІэсым, Алыхьталэм абы и псэр къыхипщэжу, зыыкІам и хьыбар къащьхуиІуэтам щыгъуэ. А хьыбарыр щиухым, гъэщІагъэну мы Іэятыр къыкІэпхъокІуэ: «Абы иужькІэ фи гур пхъашІэ, быдэ хьэщ, мывэм ещхьу, уеблэмэ мывэм нэхъри нэхъ быдзжу». Ныкъэжьэным, упщІэ лей тыным, щхьэусыгъуэ къэпхьыхьэным гур зэригъэкІуэкІыу, Алыхьым пэжжьэ хуиущу, быдэ, пхъашэ хъуэу зращ абы кьикІыр. НэгъэщІ лъэныкъуэкІэ укъепльымэ, Езы Алыхьталэм унафэр бгъэззэщІэну уэзрыхуэмейр къыбдищІэмэ, и щыбыр къыпхуигъаззу, и нурри пщыгъэпщкІуу, и гущІэгъэри кьыпхуимыигъафащэу хъуу араши, дауэ абы и ужькІэ гур пхъашэ зэрымыхъунур?

ЩищхьэкІэ къыхэщар псори журтхэм ятеухуауэ жьІтІа щхьэкІэ, КъурІэным абыхэхэм я хьыбарыр къышІыхьащар абыхэм я псэукІар къатащІу, дыблэкІыну аракъым. АтІэ ар къатщІу, дызыхуэсакъыжьын хуейуэ аращ. Пэж дыдэу, зыхуэмысакъыжьа дэри япэм кьытэкІащ, нобэ ахэр нэхъыбэжь хьауащ. Езы Тхьэшхуэми ар къыхигъащащ. И чэзу хьумэ, Іиман зыбгъэдэлъхэм я гур щабэ хъунущ, жи, Алыхьым и цІэмрэ Абы кьригъэжа пэжымрэ щыэзхакІэ. Япэм тхьлъ къызратахэм емыщхьу. Зэман дэкІри, абыхэм я гур быдэ хъащ, я нэхъыбэри фасикъщ. Мусылъмэн пэжым Алыхьым и шэрихьэтым пщІэшхуэ хуещІ, къыщыкІуа унафэхэм нэгъэущІынэкІэ іопльэ, и акъылыр зыхуэмыис гуэр хэлъми, ар езым и щІэныгъэншагъэм хуэхъ. Мис апхуэдэу Іуэхум бгъэдыхьэ мусылъмэным и гур щабэщ, игъэзащІэ Іэжьыгъэм и купщІэр зыхещІэ, Іэфіагъ хегъуатэ. Апхуэдэ цІыхуэращ дунеІэгъэкІэ насыпыр зыхэзыщІэри, ахърэткІэ фІыгъуэ мыуухьжыр къызыпэлъэри. Зэхэтхам и сэбэп Тхьэм къыдигъэкІ, ди диным бепрычэт къыхилъхьэ, ди пщІэ хуэтщІыжу диІэпсэу, ахърэтми увыпІэ лъагэ къыщыдихуигъафащэ.

ЛъагъугъуафІэу, узынщэу, фІэщхъунытъэ хэлъу

«Пса быдэ Тхьэм ищІ» хъуэхъум нэхъ рэ нэхъ дахэу куэд хэт къыщІэкІынкъым ди анэдэлъхубзэм. А псалъэхэм ещхьу цІыхум хэлъыпхъэ псори къызэщІэзыубыдэ хуэупсэныгъи гъэтыгъуейщ.

Сабийр узынщэу, Іэпсолъэпсоуэ, лъагъугъуафІэу, Іущу, хьэл дахэ хэлъу дунейм къытехьэн папщІэ, диныр щІэгъэкъуэныщхуэ зэрыхъум щымыгъуазэ щыІэщ. КъурІэн лъапІэм и сурэхэри, Іэят щхьэхуэхэри, духьэхэри иджыри дунейм къытемыхьам урихуэлъэІуэнкІэ щхьэпэщ. Адэанэм я лъэІур сыт щыгъуи къабыл мэхъу зэрыжаІэм тетуи, цІыхум хэлъыпхъэхэр Алыхьталэм сабийм и натІэм къритхэну гугъэшхуэ щыІэщ. Ахэр дыгъуасэ-нобэкъым щагъэунэхуар, кІэщІуи кІыхьуи хъыбар гъэщІэгъэун куэд дин щэнхабэзм хэтщ, нобэ зи гугъу тщІыхэр уи фІэщ ищІу, зыІэщІэбгъэкІыным ухуигъэсакъыу. Щапхъэхэм я нэхъ наІуэщ Бегъымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ эзхам къыззринэкІа щІэблэмрэ и унагъэмрэ.

- Быныр лъагъугъуафІэ хъун папщІэ, «Исуф» сурэм укъеджэныр фІыщ. АрдыдэмкІэ щхьэпэщ нысащІэм и ныбэм и Іэр трилъхьэу, махуэ кьэс Алыхьталэм и цІэ лъапІэу «Іэл-мущэуир» («Теплъэ езытыр») куэдрэ кьыбжьыныр. КьинэмыщІауэ, кхъужьым, купхъым («гранат), хьэиуэм, хъэуаным, хъарбузым хъёрышхуэ хэлъщ сабийр лъапІэуигъафІэу, щэнфІэу икІи губзыгъэу къэхъунымкІэ. «Сабийр Лэкъымэн хуэдэу Іущу, Исуф хуэдэу дахэу къэхъун папщІэ, а цІэхэр зезыхьэ сурэхэм махуэ кьэс кьеджэн хуейщ», - жызыІэ чэнджещІ щыІэщ.

- Дунейм къытехьэну цІыкІум хьэл щабэ иІэн папщІэ, «Ибрэхьим» сурэм кьеджажьэщ.

- И быным хьэл-цІэн дахэ хилъхьэфынущ ар ныбэм илъыху 70-рэ «Іэл-Инсан» сурэм кьеджэм.

- НысащІэр махуэ кьэс «Марьям» сурэм кьеджэмэ, анэмрэ бынымрэ тыншу зэІэпыкІынущ.

- Дунейм къытехьэну цІыкІум бегъымбар хьэл хэлъыну хуейр «Іэл-Іэнбиял» сурэм нэхъ мащІэ дыдэу 70-рэ кьеджэнщ, зэрыхъукІэ ялэ мазиплІым къыриубыдэу.

- Ипэрей мазиплІым къыриубыдэу нысащІэм «субхьанэллахьи уэ бихьэмдихьи» псалъэхэр мин 70-рэ кьибжмэ, сабийм Іиман хэлъу къэхъунущ.

- «Іэхьраф» сурэм и 189-нэ Іэятым махуэ кьэс укъеджэмэ, сабийр Іэпсолъэпсоуэ икІи узынщэу щытынущ.

- «Имран и лъэпкъыр» сурэм куэдрэ укъеджэмэ, ныбэм илъ сабийр щейтІаным щыхъумэ мэхъу.

- Сабиймрэ анэмрэ Бегъымбар лъапІэм ипхъу ФатІимэрэ и щІэблэмрэ хуэдэу тыншу зэІэпыкІын папщІэ, мэхуэ кьэс Алыхьым арэзы зыхуэхъун ФатІимэ и цІэкІэ зэ «Фатихьэ» укъеджэну мыпхъу зэупщІынкІэ фІыщ.

- Быныр дунейм къытехьэн гъунэгъу хъумэ, «Иншикьакъ» сурэм, «Іэятуль Курсийм», «Іэл-Іэгьраф» сурэм и 54-нэ Іэятым укъеджэну щхьэпэщ.

- Сабийм цІыхум хуэфащэ фІагъэ псори хэлъын плъапІэкІэ махуэ кьэс «Ясин» сурэм укъеджэныр фІыщ.

- НысащІэ уэндэгур махуэ кьэс зы жуэ кьеджэфмэ, сабийр ныбэм щилъ мазибгъум КъурІэным бгъуэ уикІауэ хъунущ, абы кьыпэкІуэ псапэр кьыпхуэмыбжьынщ.

Дыззрыщыгъуаззщи, щІэныгъэм гъунэгъу ухуэзыщІ, умыщІэм благъэу уезышалІэ Іэмальфіщ тхылъыр. Абы къызэІуих дуней цІыхум гъащІэм щІубыд увыпІэр зыхуэдэр нэрылъагъу ещІ, щыІэныгъэм къыщекІуэкІ Іэухугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрызыпыщІар, къуэпсыбэу зэрызэпхар кьегъэнаІуэ. Ар блэкІамрэ къэкІуэнумрэ зэпызыщІэ лъэмыжщ, нобэрей махуэхэм я гъуаз бэлыхьщи, лъэпкъ мащІэхэм я бзэм, тхыдэм, Іуэрыуатэм, щэнхабзэм ехьэлІауэ дунейм зы тхылъ кьытехьэмэ, абы укъызэщІеІэтэ, ар зи Іэдакъэ къыщІэкІар жылэм и псэкупсэ зэхэщІыкІым зиуэщІын папщІэ зи гуащІэ емыблэжу къэпсэуа цІыхумэ - дамэ къыптрегъаІкІэ. Апхуэдэ къыдэкІыгъэ хьэлэмэзщ Мейкъуапэ дэт къэрал тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ хьэзыр щыхъуа, уэзщІакІуэ, адыгэ литературэм и псыпэр зыгъэжахэм ящыщ Теувэж Дзыгъуэ и тхылъэ кьыхэохэр щыззэхуэхъэса ззэужьыр.

ЛЪЭПКЪ щэнхабзэмрэ литературэмрэ езым и лъагъуэ пхыщІу хэмыкІуэдэжкІи лъэужь дахэ къыхэщІыкІыжыр Теувэжкъэ. Абы и уэсэхэр щІыкІуэ ящІыжу вариант лІэужьыгъуэбзу зэтекІауэ гукІэ кьрахьэкІыр, «ди адэхэм я деж щызэхэсхащ» жаІуэрэ Іуэрыуатэм щыщ къэгъэщІыгъэ Теувэж Дзыгъуэ и псалъэм, и усэ зэхэлъхьэкІэм, къиІэт Іуэхугъуэхэм ехьэлІа къэхутэныгъэхэр, езым и гъащІэм теухуа лэжьыгъэхэр, и унагъэмрэ къыщыпсэлъахэр, щыщ къэгъэщІыгъэхэр. «ЖыІэІар Теувэж Дзыгъуэщ» Іыхьэм хьыхащ усакІуэм утыкуэхэм, зэІущІэхэм, зэхуэсхэм къыщипсэльахэр, щІыхубзм яхуэгъэззауэ ищІыгъа джэпсалъэхэр. «Теувэж Дзыгъуэ и псалъэ кІэщІэр» иужьрей Іыхьэм итщ усакІуэм и псалъэ шэрыуэхэр, ущиехэр, гъэсэпэтхьдэхэр.

Тхьлъым бгъэдэлъ фІагъэкъм ящыщщ ар бзитІкІэ - адыгэбзэкІи урысыбзэкІи - дунейм кьызэрытехьар. Абы Теувэжкъм и Іэдакъэщ ІэкъэкІыным щыгъуазэ хуэхъуну цІыхухэм я бжыгъэр зэпщІыкІыу нэхъыбэ, адыгэ псалъэмрэ щэнхабзэмрэ я утыкур нэхъ бгъуэ ещІ.

Тхьлъым ущрихьлІэнщ усакІуэм теухуауэ КІэрашэ Тембот, Гъыш Нухь, КъуимикъуэІ Налбий, Мэрэтыкъуэ Мухьтар, ШащІэ Казбек, ХьэдэгъэлІэ Аскэр, СтІащ Майор сымэ я къалэмыпІэ къыщІэкІа гукъэкІыжхэмрэ тхыгъэхэмрэ. А тхыгъэхэм къагъэлъагъуэ Теувэжкъм цІыхубзм къыхуиІа лъагъуныгъэр и гуащІэдэкІымкІэ, и псалъэ пэжымкІэ, и щыпкъагъэмкІэ къызэрилэжьар. ЗыцІыхуахэми, иужькІэ и хьыбар зэхихауэ зыІуэтэжу щытахэми гу зэрыльатамкІэ, усакІуэм и дуней тетыкІэр утыку кьищІ жьІэм къыщІэкъыІыртэхъым, и гупсысэм фащэу щитІагъэ псалъэм текІыртэкъым - арат ар дэнэ щІыпІи щалэту, гуапэу кьыІуущэу щІыщытар.

«Хэкум щыуа псэукІэщІэмрэ езыр кьызыхэхъуКІа щыІэхэжьымрэ куэдрэ щызэпигъэуващ Дзыгъуэ и усэхэм. ПсэукІэщІэм щигъащІаишхуэ щымыІэми, цІыхум иІэ хьуа хуитыныгъэхэм ар щыгуфІыкІырт. Абы ьхэкъыу и фІэщ хьурт адыгэхэм я хабзэ дахэр лъэ быдзкІэ хэгъэгъуэ зэрыщыувынур, абы хэлъ къарум, малъхъэдисым хуэдэу, цІыхубзр зэрызэриШэлІэнур, дунейм захуагъэмрэ пэжжьэгъэмрэ епхауэ щыІэ тхыгъэхэр щызу зэрызэхуихьэсыжьыныр яужь итащ, дауи.

«Теувэж Дзыгъуэ: усэхэмрэ поэмэхэмрэ» зи фІэщыгъэ Іыхьэм щызэгъэуІуащ нэхъапэкІэ кьыдэкІахэри, тедзауэ щымыІа тхыгъэхэри. Абыхэм ящыщ текст зыбжанэ КІэрашэ Тембот и цІэр зэрихьэу Мейкъуапэ дэт, гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и архивым кьыщагъэутыжащ, зы гупыфІ усакІуэм и щІэблэм я унагъуэ гъэтІылъыгъэхэм кьыхахьжащ. «УсакІуэм и усэхэмрэ гъащІэ Іуэгуфмрэ» Іыхьэм кьыщыкІуащ Теувэж Дзыгъуэ и псалъэм, и усэ зэхэлъхьэкІэм, кьиІэт Іуэхугъуэхэм ехьэлІа къэхутэныгъэхэр, езым и гъащІэм теухуа лэжьыгъэхэр, и унагъэмрэ къыщыпсэлъахэр, щІыхубзм яхуэгъэззауэ ящІыгъа джэпсалъэхэр. «Теувэж Дзыгъуэ и псалъэ кІэщІэр» иужьрей Іыхьэм итщ усакІуэм и псалъэ шэрыуэхэр, ущиехэр, гъэсэпэтхьдэхэр.

Тхылъым бгъэдэлъ фІагъэкъм ящыщщ ар бзитІкІэ - адыгэбзэкІи урысыбзэкІи - дунейм кьызэрытехьар. Абы Теувэжкъм и Іэдакъэщ ІэкъэкІыным щыгъуазэ хуэхъуну цІыхухэм я бжыгъэр зэпщІыкІыу нэхъыбэ, адыгэ псалъэмрэ щэнхабзэмрэ я утыкур нэхъ бгъуэ ещІ.

Тхылъым ущрихьлІэнщ усакІуэм теухуауэ КІэрашэ Тембот, Гъыш Нухь, КъуимикъуэІ Налбий, Мэрэтыкъуэ Мухьтар, ШащІэ Казбек, ХьэдэгъэлІэ Аскэр, СтІащ Майор сымэ я къалэмыпІэ къыщІэкІа гукъэкІыжхэмрэ тхыгъэхэмрэ. А тхыгъэхэм къагъэлъагъуэ Теувэжкъм цІыхубзм къыхуиІа лъагъуныгъэр и гуащІэдэкІымкІэ, и псалъэ пэжымкІэ, и щыпкъагъэмкІэ къызэрилэжьар. ЗыцІыхуахэми, иужькІэ и хьыбар зэхихауэ зыІуэтэжу щытахэми гу зэрыльатамкІэ, усакІуэм и дуней тетыкІэр утыку къыщІ жьІэм къыщІэкъыІыртэхъым, и гупсысэм фащэу щитІагъэ псалъэм текІыртэкъым - арат ар дэнэ щІыпІи щалэту, гуапэу кьыІуущэу щІыщытар.

«Хэкум щыуа псэукІэщІэмрэ езыр кьызыхэхъуКІа щыІэхэжьымрэ куэдрэ щызэпигъэуващ Дзыгъуэ и усэхэм. ПсэукІэщІэм щигъащІаишхуэ щымыІэми, цІыхум иІэ хьуа хуитыныгъэхэм ар щыгуфІыкІырт. Абы ьхэкъыу и фІэщ хьурт адыгэхэм я хабзэ дахэр лъэ быдзкІэ хэгъэгъуэ зэрыщыувынур, абы хэлъ къарум, малъхъэдисым хуэдэу, цІыхубзр зэрызэриШэлІэнур, дунейм захуагъэмрэ пэжжьэгъэмрэ щытепщэ зэрырхъунур. И фІэщхъунытъэр апхуэдизкІэ инти, гъащІэщІэм псалъэу хуэзэпищэмкІэ зигъэнщІыртэкъым. Зы напэкІыжьым усэ сатыру иригъэзагъэм къэувыІэпІи, зэпыеи, кІэІуни иримыту бзэпсым хуэдэу, псалъэр зэрызыщІэф тхакІуэ усакІуэу дунейм тетыр куэд дыдэ хьуркъым. Ди Дзыгъуэ а зырызыхэм ящыщщ», - итхыгъат СтІащ Майор.

КІэрашэ Тембот игу кьиІэкІыжырт Теувэж Дзыгъуэ дапщэгъэ Іумыщ Іамэ, игъэщІэгъэн хуэмыхъ Іуэхугъуэр гъэщІэгъэнэхэр зэрыдильагъур. «Нэхъыжьыр емыджами, усакІуэ нэсым и щІыкІэ-нэщэнэу етІъаГъулІэр куэд дыдэ хьурт. И гупсысэр жьыкъэ нэсырт, нобэ хуэдэм кьэхъуа Іуэхугъуэм игъэгумащІу е игъэгушхуэу тепсэльыхьыр, абы хилъхьэ щІагъэбзэр лъэхъэнэ кІыхьэм зэрыхуэлэжьэн жьІэкІэ къыхуэгуэтырт. Жьымрэ щэнмрэ зэпилъытэу гъащІэм къыщекІуэкІ зэхъуэжьІыныгъэхэм я гугъу ищІри, блэкІар хэмытУ къэкІуэн зэрыдимыІэнури екІуу къиІуатэрт», - итхыжьырт КІэрашэ Тембот.

«УсакІуэм и кьалэн нэхъыщхьэр гум къиІукІ псалъэр дахэу къиІуэтэн закъуэм епхакъым. Абы философие, дахагъэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкІэ къэкІуэну щІэблэм акъыл кьызыхьахьи фІыгъуэхэр хилъхьэфу щытын хуейщ. Сыт усакІуэр ухахъытыщІэ щыщІыр? ЩІэблэм я гур пщдейрей махуэхэм хуэзІуэхауэ щытыну къыхуэзыджэ гупсысэкІэр гъэсэпэтхьдэрэ псалъэ лъэщкІэ зэрегъэкІуфри аращ. Теувэж Дзыгъуэ и адыгэбзэм кьыщеГъэсэжьыр кьИуатэ гупсысэм щыщІыкІыжу зэрыпІэпкъыу лІэщІыгъуэ Іэджэкіэ зрикъун гуэмылэу зэрыщытыр щыІэпхъэщ, - итхыжащ Мэрэтыкъуэ Мухьтар.

Нобэ лъэпкъым псалъэжьрэ жьІэрэ зэІуэу къэхэнауэ къадекІуэкІ жьабзэ ишыгъуэ куэдыр, ипэжьыпІэкІэ жьпІэмэ, кьызыбгъэдэкІар Теувэж Дзыгъуэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, «СщІэм нэхъ сымыщІэр нэхъ кьызощтэ», «Нэгъэ делэщ, Іэр бланэщ», СхуэщІэнуэкъым жумыІэ, жьпІамэ - уэхэІуэдэнуми, гъэззэщІэж», «ЦІхьэзакъуэ лъакъутІыщ», «Зыозэт жьпІэу зыхьымышинкІ», нэгъэущІхэри. Щэч хэлъкъым, зэужьым ихуа апхуэдэ жьІэгъуэ куэдым гъащІэщІэ зэрагъэтэнум, адыгэбзэм зэрыхьыхьэнум.

Теувэж Дзыгъуэ и дыщэ щІэинар лъэпкъым и хуэгъуэфІыгъуэ нэхъ лъапІэ дыдэхэм ящыщщ. Абы адыгэ щэнхабзэм щыпІэшхуэ щеубыд, ар псэкупсэ кьэгъэщІыгъэм псы Іубгъуэ хуохъу, адыгэбзэм и кьигъэхъуапІэу щытщ.

Адэшхуэм и хьэкъыр зыдищІэжу Іэщынэ Инус зэкІгъэува тхьлъ купщІафІэм усакІуэм и цІэр щІэрыщІэу кьеІэтыж, абы и усэхэр нобэрей дунейм щытепщэ гупсысэкІэмрэ Іуэху еплъыкІэхэмрэ я утыку ирехьэ, лъэпкъ литературэ щІэныгъэм гъэгушІэхэр щыпхэ. Апхуэдэу, шэч кьытетхьэркъым, ІэщіагъэлІхэм, кьэхутакІуэхэм, студентхэм я мызакъуэу, тхылъым пщІэ хуэзыщІ дэтхэнэ джыдэ абы лъапІэныгъэ зэрыщІигъуэтынуми. Гъэгу махуэ треувэ тхылъыр!

Тхыгъэри сурэтри зейр
ТАБЫЩ МураТ.

● ТхьлъыщІэ

Дамэ къыптезыгъакІэ

«Теувэж Дзыгъуэ: усэхэмрэ поэмэхэмрэ» зи фІэщыгъэ Іыхьэм щызэгъэуІуащ нэхъапэкІэ кьыдэкІахэри, тедзауэ щымыІа тхыгъэхэри. Абыхэм ящыщ текст зыбжанэ КІэрашэ Тембот и цІэр зэрихьэу Мейкъуапэ дэт, гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и архивым кьыщагъэутыжащ, зы гупыфІ усакІуэм и щІэблэм я унагъуэ гъэтІылъыгъэхэм кьыхахьжащ. «УсакІуэм и усэхэмрэ гъащІэ Іуэгуфмрэ» Іыхьэм кьыщыкІуащ Теувэж Дзыгъуэ и псалъэм, и усэ зэхэлъхьэкІэм, кьиІэт Іуэхугъуэхэм ехьэлІа къэхутэныгъэхэр, езым и гъащІэм теухуа лэжьыгъэхэр, и унагъэмрэ къыщыпсэлъахэр, щІыхубзм яхуэгъэззауэ ящІыгъа джэпсалъэхэр. «Теувэж Дзыгъуэ и псалъэ кІэщІэр» иужьрей Іыхьэм итщ усакІуэм и псалъэ шэрыуэхэр, ущиехэр, гъэсэпэтхьдэхэр.

Тхылъым бгъэдэлъ фІагъэкъм ящыщщ ар бзитІкІэ - адыгэбзэкІи урысыбзэкІи - дунейм кьызэрытехьар. Абы Теувэжкъм и Іэдакъэщ ІэкъэкІыным щыгъуазэ хуэхъуну цІыхухэм я бжыгъэр зэпщІыкІыу нэхъыбэ, адыгэ псалъэмрэ щэнхабзэмрэ я утыкур нэхъ бгъуэ ещІ.

Тхылъым ущрихьлІэнщ усакІуэм теухуауэ КІэрашэ Тембот, Гъыш Нухь, КъуимикъуэІ Налбий, Мэрэтыкъуэ Мухьтар, ШащІэ Казбек, ХьэдэгъэлІэ Аскэр, СтІащ Майор сымэ я къалэмыпІэ къыщІэкІа гукъэкІыжхэмрэ тхыгъэхэмрэ. А тхыгъэхэм къагъэлъагъуэ Теувэжкъм цІыхубзм къыхуиІа лъагъуныгъэр и гуащІэдэкІымкІэ, и псалъэ пэжымкІэ, и щыпкъагъэмкІэ къызэрилэжьар. ЗыцІыхуахэми, иужькІэ и хьыбар зэхихауэ зыІуэтэжу щытахэми гу зэрыльатамкІэ, усакІуэм и дуней тетыкІэр утыку къыщІ жьІэм къыщІэкъыІыртэхъым, и гупсысэм фащэу щитІагъэ псалъэм текІыртэкъым - арат ар дэнэ щІыпІи щалэту, гуапэу кьыІуущэу щІыщытар.

«Хэкум щыуа псэукІэщІэмрэ езыр кьызыхэхъуКІа щыІэхэжьымрэ куэдрэ щызэпигъэуващ Дзыгъуэ и усэхэм. ПсэукІэщІэм щигъащІаишхуэ щымыІэми, цІыхум иІэ хьуа хуитыныгъэхэм ар щыгуфІыкІырт. Абы ьхэкъыу и фІэщ хьурт адыгэхэм я хабзэ дахэр лъэ быдзкІэ хэгъэгъуэ зэрыщыувынур, абы хэлъ къарум, малъхъэдисым хуэдэу, цІыхубзр зэрызэриШэлІэнур, дунейм захуагъэмрэ пэжжьэгъэмрэ щытепщэ щыІэпхъэщ.

АпхуэдизкІэ инти, гъащІэщІэм псалъэу хуэзэпищэмкІэ зигъэнщІыртэкъым. Зы напэкІыжьым усэ сатыру иригъэзагъэм къэувыІэпІи, зэпыеи, кІэІуни иримыту бзэпсым хуэдэу, псалъэр зэрызыщІэф тхакІуэ усакІуэу дунейм тетыр куэд дыдэ хьуркъым. Ди Дзыгъуэ а зырызыхэм ящыщщ», - итхыгъат СтІащ Майор.

КІэрашэ Тембот игу кьиІэкІыжырт Теувэж Дзыгъуэ дапщэгъэ Іумыщ Іамэ, игъэщІэгъэн хуэмыхъ Іуэхугъуэр гъэщІэгъэнэхэр зэрыдильагъур. «Нэхъыжьыр емыджами, усакІуэ нэсым и щІыкІэ-нэщэнэу етІъаГъулІэр куэд дыдэ хьурт. И гупсысэр жьыкъэ нэсырт, нобэ хуэдэм кьэхъуа Іуэхугъуэм игъэгумащІу е игъэгушхуэу тепсэльыхьыр, абы хилъхьэ щІагъэбзэр зэрыхуэлэжьэн жьІэкІэ къыхуэгуэтырт. Жьымрэ щэнмрэ зэпилъытэу гъащІэм къыщекІуэкІ зэхъуэжьІыныгъэхэм я гугъу ищІри, блэкІар хэмытУ къэкІуэн зэрыдимыІэнури екІуу къиІуатэрт», - итхыжьырт КІэрашэ Тембот.

«УсакІуэм и кьалэн нэхъыщхьэр гум къиІукІ псалъэр дахэу къиІуэтэн закъуэм епхакъым. Абы философие, дахагъэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкІэ къэкІуэну щІэблэм акъыл кьызыхьахьи фІыгъуэхэр хилъхьэфу щытын хуейщ. Сыт усакІуэр ухахъытыщІэ щыщІыр? ЩІэблэм я гур пщдейрей махуэхэм хуэзІуэхауэ щытыну къыхуэзыджэ гупсысэкІэр гъэсэпэтхьдэрэ псалъэ лъэщкІэ зэрегъэкІуфри аращ. Теувэж Дзыгъуэ и адыгэбзэм кьыщеГъэсэжьыр кьИуатэ гупсысэм щыщІыкІыжу зэрыпІэпкъыу лІэщІыгъуэ Іэджэкіэ зрикъун гуэмылэу зэрыщытыр щыІэпхъэщ, - итхыжащ Мэрэтыкъуэ Мухьтар.

Нобэ лъэпкъым псалъэжьрэ жьІэрэ зэІуэу къэхэнауэ къадекІуэкІ жьабзэ ишыгъуэ куэдыр, ипэжьыпІэкІэ жьпІэмэ, кьызыбгъэдэкІар Теувэж Дзыгъуэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, «СщІэм нэхъ сымыщІэр нэхъ кьызощтэ», «Нэгъэ делэщ, Іэр бланэщ», СхуэщІэнуэкъым жумыІэ, жьпІамэ - уэхэІуэдэнуми, гъэззэщІэж», «ЦІхьэзакъуэ лъакъутІыщ», «Зыозэт жьпІэу зыхьымышинкІ», нэгъэущІхэри. Щэч хэлъкъым, зэужьым ихуа апхуэдэ жьІэгъуэ куэдым гъащІэщІэ зэрагъэтэнум, адыгэбзэм зэрыхьыхьэнум.

Теувэж Дзыгъуэ и дыщэ щІэинар лъэпкъым и хуэгъуэфІыгъуэ нэхъ лъапІэ дыдэхэм ящыщщ. Абы адыгэ щэнхабзэм щыпІэшхуэ щеубыд, ар псэкупсэ кьэгъэщІыгъэм псы Іубгъуэ хуохъу, адыгэбзэм и кьигъэхъуапІэу щытщ.

Адэшхуэм и хьэкъыр зыдищІэжу Іэщынэ Инус зэкІгъэува тхьлъ купщІафІэм усакІуэм и цІэр щІэрыщІэу кьеІэтыж, абы и усэхэр нобэрей дунейм щытепщэ гупсысэкІэмрэ Іуэху еплъыкІэхэмрэ я утыку ирехьэ, лъэпкъ литературэ щІэныгъэм гъэгушІэхэр щыпхэ. Апхуэдэу, шэч кьытетхьэркъым, ІэщіагъэлІхэм, кьэхутакІуэхэм, студентхэм я мызакъуэу, тхылъым пщІэ хуэзыщІ дэтхэнэ джыдэ абы лъапІэныгъэ зэрыщІигъуэтынуми. Гъэгу махуэ треувэ тхылъыр!

Тхыгъэри сурэтри зейр
ТАБЫЩ МураТ.

«Бэкъэрэ» сурэм узригъэгупсысхэр

Шэрихьэт щІэныгъэхэмкІэ доктор, «Мансур» мэжджытым и Имам Щхьэныкъуэ Анзор «Бэкъэрэ» сурэм ныхэщ щапхъэхэр зэпкърихыурэ, цІыхум и гуп и къабзагъымрэ ихьиныжи зэрыхуейр къыщыдгурегъаІуэ и хъу-тІбэм.

КЪУРІЭН лъапІэм е суннэ къабзэм зыгуэр къыщыкІуарэ щІэныгъэлІхэми ар гурыІуэгъуэу зэпкърахьыжу ди пащхьэ къралъхьэжамэ, абы иужькІэ упщІэ лей Іэхум къыхэмыкІыжу, щхьэусыгъуи унафэм къыхуэдмыгупсысыжу, дзэ ІэщІэщІэн хуейуэ аращ, дымусыдымэнэр пэжмэ. Унафэм упщІэ лей къыхэгъэкІыжыныр, умыдэІуэн папщІэ щхьэусыгъуэ къебгупсысыныр хьэл нэхъ мыхъымыщІэ дыдэхэм ящыщщ. Абы теухуауэ Бегъымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ эзхам мыпхуэдэу жеІэ: «Алыхьталэм икъукІэ упщІэ лейр и жагъуэ». УпщІэ лейхэмкІэ нэхъ ерыщу щыта лъэпкъыу КъурІэным къыхигъэщыр журтхэращ. Унафэр ямыгъэззэщІэн щхьэкІэ, мыр сыт, мор сыт, ар сыт щхьэкІэ жаІэурэ упщІэ лейхэр щатым, Алыхьталэм я мурад бзаджэр къадищІэрти, диныр нэхъри хьэлъэ ящищІауэ, абы ипкъ иткІэ къатехьэлъэ щыхъум, диныр эблашауэ къыхощ КъурІэным. «Фатихьэ» сурэм и ужькІэ дызрихьэлІэ «Бэкъэрэ» («Жэмыр») сурэм нэрылъагу дыдэу къыхэщ хьыбарыр абы теухуащ. Сурэ псом а хьыбарым и цІэр фІ

Лъэпкъ тхыдэр ди нэгу къыщIегъэхьэж

Режиссёр, продюсер, сценарист цIэрыIуэ, Урысейм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм гуэндзжамкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Нэгъаплъэ Аскэрбий и ныбжьыр щIышылэм и 30-м илъэс 70 ирокъу.

НЭГЪАПЛЪЭ Аскэрбий Адыгэ Республикэм и Кузнецовэ щIыналъэм хыхьэ Хуэдз къуажэм 1954 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ ныжьым ар щIэтIысхьащ Воронеж дэт политехникэ институтым. Илъэс 15-кIэ инженер IэщIагъэм хуэлэжьащ. Германием щыIэ советыдзэм 1976 - 1977 гъэхэм къулыкъу щищIащ. 1992 гъэм Курджы-Абхъазэ зауэм щыгъуэ щытыкIэ гугъу ихуа ди къуэш абхъазэхэм ядэIэпыкъуащ.

Мейкъуапэ дэт къэрал технологие институтым и «Къэрал, муниципальнэ управленэ» кудамэр 2003 гъэм кьиуащ. 2010 гъэм Москва щеджащ телевиденэмрэ радиомрэ я лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым и продюсер курсхэм. «Аминат» ООО-мрэ «Кинокомпания. Черкес-фильм» ООО-мрэ я унафэщIащ.

Нэгъаплъэм и лэжьыгъэхэм ящыщ, «Черкесия» циклым хыхьэ «Черкесия», «Черкесия. Адыгэ хабзэ» (2009), «Черкесия. Чужбина» (2011), «Черкесия. Возвращение» (2013), «Черкешенка» (2015) фильмхэр. Абы кьыхуагъэфащащ Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Тырку, Германие, Иордание, Франджы къэралыгъэхэм, Москва, Рязань кьалэхэм, нэгъэщI лъэгуэжащ шагъдийр кьыэзрагъэхуамрэ зэрызиужьамрэ. Лэжьыгъэ щытрахащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, Тырку, Германие, Иордание, Франджы къэралыгъэхэм, Москва, Рязань кьалэхэм, нэгъэщI щIыпIэхэм. КъыэзрыщIэкIымкIэ, шы гъэхъуным пыщIауэ зиужьыгъэ дэнэ лъэныкъуэкIи щIыпIэхэр фIыуэ щыгъуэзэщ шагъдийм хэлъ фIагъхэм икIи къэрал кудэм абы ущрохьэлIэ.

2020 гъэм Нэгъаплъэм къыдигъэкIа «Подвиг милосердия» фильмыр Минводы щытрахащ. Ар теухуащ XX лIэщIыгъуэм журтхэм я щхьэм кьрикIуа Холокост гуэзвэгъуэм, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъхэм щыпсэу, XIX лIэщIыгъуэм екIуэкIа Кавказ зауэм хьэлэч зэтрищIа адыгэхэм журт щэ, мин бжыгъэхэм я щхьэхэр кьызэрыратэлъам.

Нэгъаплъэ Аскэрбий и фильмхэр щытрахащ Урысейм, Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием, Франджым, Израильм. УрысыбзэкIэ кьыдагъэкIа а лэжьыгъэхэр адыгэбзэ диалектхэмкIэ, хьэрыпIибзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, нэмыцIбзэкIэ, франджыбзэкIэ зэрадзэкIащ. Фильмхэр щытрахэзэуащ Черкесск, Мейкъуапэ, Налшык, Краснодар, Москва, Санкт-Петербург, Париж кьалэхэм, Абхъазэм, Тыркум, Иорданием, нэгъэщI щIыпIэхэм.

Зи гугъу тщIа фильмхэр дунейпсо кинофестивалхэм щагъэлъэгъуащ икIи мыз-мазэ щIэныгъэ лаукIа. Апхуэдэу, Тэтэрстан республикэм и кьалащхьэ Къэзан мусульмэн киномкIэ 2009 гъэм щекIуэкIа «Золотой Минбар» кинофестивалым щагъэлъэгъуащ «Черкесия. Адыгэ хабзэ» фильмыр. Хэхэс адыгэхэм папщIэ Тыркум (2011 гъ), Германием (2012 гъ) щекIуэкIа щэнхабзэ фестивалхэм ар хагъэхьащ. Урысей каналым и «Мусульмэнхэр» программэм зыхьэу дакъикъэ 13-кIэ кьатат а фильмым теухуауэ траха нэтын. 2015 гъэм Магас кьалэм щекIуэкIа «Золотая башня» дунейпсо, кинофестивалым «Черкешенка» фильмыр хагъэхьащ. Лэжьыгъэм кьыхуагъэфащащ «За лучшее раскрытие национального характера» саугъэт щхьэхуэр. КъынэмыщIауэ, «Черкешенка» фильмыр 2015 гъэм Къэзан щекIуэкIа кинофестивалым, а гъэ дыдэм Башкортостаным щыIа «Серебряный Акбузат» фестивалым «Черкесия. Возвращение» фильмыр щагъэлъэгъуащ икIи саугъэтхэр кьащIихьащ. 2016 гъэм Сочэ щекIуэкIа кинофестивалым «Черкешенка» фильмыр утыку кьыщIахьащ.

● Дифl догъэтъапIэ

Нэгъаплъэ Аскэрбий лъэпкъ щэнхабзэм, киногуэзаджэм хуищIа къэхьэныгъэм папщIэ дамыгъэ лъапIэхэр кьыхуагъэфащащ. Абыхэм ящыщщ Адыгэ Республикэм и Хасэм, Урысей Арт комитетым я щIыхь, щIэныгъэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Хъэлмыкъ Юрэ и цIэр зезыхьэ медалхэр, Дунейпсо Арт комитетым и «За честь и достоинство» орденыр, нэгъуэщIхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Илъэсым медалкIэ щIедзэ

Дон Iус Ростов кьалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Доным и Кубокыр» къэхьным хуэунетIауэ тхэкIуэдомкIэ (ВТФ, Олимп джэгуэхэм хьыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы крихьэлIащ къэралым и щIыналъэ 39-м я спортсмен мин 1,5-м ябгъащ. Иджырей зэхьэзэхуэр ростовдэсхэм иджы ебланэрэ ирагъэкIуэкIащ.

УРЫСЕЙПСО зэхьэзэхуэшхуэм и къудамэу «Доным и сабийхэр» зэпеуэ щхьэхуэ къызэрагъэпэщащ ныбжьыщIэ цIыкIухэм, 2013 гъэм кьалъхуахэм, папщIэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Хъэрэшей Руслан икIи и хьэлъагъ ельытауэ (кг 37-рэ) щыIуэ щIэным ещанэ увыпIэр кьыщихьащ. Зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэм икIын папщIэ абы кьыпэщIэтащ Ростов облластым щыщ Артемов Данил икIи ар къефIэкIащ. Псори зэхэту цIыху 16 щыIэуащ килограмм 37-рэ хьухэм я деж.

Мыбдежым кьыщыхэгъэщын хуейщ ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэхэр гувауэ зэрырагъэкIуэкIар. КъызэгъэпэщащIуэхэм кьалъытэн хуеяуэ кьыщIэкIынщ утыку кьыщихьэнум пэпльэу сабийхэр куэдрэ щьбгъэсыныр зэран зэрахуэхъунур, зэрезэшынр - абыхэм балигъэхэм я гущIэм хуэдиз ябгъэдэлъкъым. Апхуэдэу щытми, ди республикэм икIа цIыкIухэм узыщыгуфIыкIын зэфIэкI кьызыкъуахащ.

ХьэщIэщIэщынщи, Дон Iус Ростов кьалэм илъэс ещанэ хъуауэ Хьэщыкъуейм зыкьыщегъэльагъуэри, мы гъэращ медаль кьыщыхуэхьар. Псальэм папщIэ, нэгъабэ ар зыхэта зэхьэзэхуэблым щыщ ныбжьыщIэ кьалэм и закъуэщ Iыхьэншэ щыхьуар, адрейхэм сыт щыгъуи льагаплIэхэм дэкIуейщ.

Хьэщыкъуэм Руслан и тренерхэр Унэжокъуэхэ Абделькъэбаррэ Бозиев Муслимрэщ.

ТекIуэныгъэкIэ ирагъажьэ

Гъэ джэгугъэущIэм зыхуигъэхьэзыру «Спартак-Налшык»-м Владикавказ и «Алание-2» командэм зэныбжьэгъуэ зэIущIэ дригъэкIуэкIащ щIышылэм и 27-м. Ар иухащ ди щIалэхэр бжыгъэр 1:0-у текIуауэ. Хьэрхуэрэгъуэхэм топ закъуэр пенальтикIэ яхудигъэкIащ КIэдыкIуеи Хьэчим.

НАЛШЫКДЭСХЭМ ящыщу а махуэм топджэгу губгъуэм къихьащ Каркаевыр, Молэмусэр, КIэдыкIуейр, Березовыр, Гъэгузокъуэр, Бажэр, Торосян, Масленниковыр, Хьэщыкъур, Нартщауэр, Селяевыр, Жангуразовыр, Дмитриенкэ, Топурие, ЛIупыр, Котовыр.

КъищынэмыщIауэ, ягъэджэгуащ ди командэм къыхьыхьэн мурад яIэу, я зэфIэкIыр ягъэлъэгъуэну Налшык къэкIуа щIалипIл - гуэащхьэхъумэу щырэ зы гуэащхьэхъумэныкъуэрэ. Абыхэм я щIэхэр зэкIэ кьыжаIакъым, Iуэхур къыздэрекIуэкIынум щыгъуэзэхэкъы- ми.

КъыкIэлъыкIуэ зэныбжьэгъугъэ зэIущIэм щыIышылэм и 31-м налшыкдэсхэр ЕсэнтIыгу щыхуэзэнущ Таганрог и «Фор-те» командэм. Адэкlэ, мазаем и 6-м, Налшык къыщрагъэблэгъэнущ Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-р.

СтIолыщхьэ теннисымкIэ чемпионхэр

Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм стIолыщхьэ теннисымкIэ я чемпионат иджыблагъэ Налшык щалэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэ псоми я лIыкIуэхэр, апхуэдэуи Осетие Ипщэм къикIаехэр - псори зэхэту спортсменищэм ябгъащ щIыпIэ зэпеуащ.

ЗэПЕУЭМ кърикIуахэр зэхалъхьажа нэужь КИФЩI-м и чемпион цIэ лъапIэр кьыфIащащ республикэм и гъэсэнхэу Хьыдзэдж Бэллэрэ Чимбарцев Владиславрэ.

Абы нэмыщI, гупхэм ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэхэми КъБР-м и цIыхубз, цIыхухъу командэхэми япэ увыпIэхэр кьахьащ икIи абы и фIыгъэкIэ Iэмал ягъэуатащ гъатхэпэм и 15 - 22-хэм Урысейм и чемпионату Санкт-Петербург щалэм щызэхэтыным Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм кьыбгъэдэкIыу зыкъыщагъэльэгъуну.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Афэрым, Темыр!

Гуапэ зэрыхъущи, ди щIыналъэм хъаджэ щIэблэ узынщэ, щIэныгъэми, щэнхабзэми, спортми дахьэхыу. Еджэнми спортми екъуIэныгъэфIхэр щызыIэрызыгъэхьэ ныбжьыщIэхэм щыщIу сурэтым щыфIагъу Тхьэщыгъуей Темыр.

КъБР-м и къалащхьэ Налшык илъэси 8 - 9 зи ныбжь щIалэ цIыкIуэр хэту каратэ спорт лIэужьыгъуэмкIэ иджыблагъэ щекIуэкIа республикэпсо зэхьэзэхуэм Темыр япэ увыпIэр кьыщихьащ. Абы и тренер Мэкъуауэ Амир зэрыжиэмкIэ, Тхьэщыгъуейм бгъэдэлъ зэфIэкIхэм гугъэфIхэр уагъэщI текIуэныгъэ куэд дяпэкIи зыIэригъэхьэну.

Афэрым, Темыр! Уи екъуIэныгъэщIэхэм дыпоплъэ!

ТАМБИЙ Линэ.

Джэд пыхуэсыхур къемыуэлIэн папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыхуэфащэ Iэнатlэхэм я нэIэ тетщ джэд псыхуэсыхуэ узыфэ зэрыщIалэр, шынагъуэ ин къызыбгъэдэкIыр республикэм кърамыгъэхьэным икIи абы щхьэкIэ щIапхъэ къагъанэркъым. ЗэрытщIэщи, зы джэдым ар къызэреуалIэу, джэдщым, хозяйствэм щаIыгъуу хъуар кьанэ щымыIэу зыщIыкI зэтрищIэнущ. Къэралым и экономикэм абы хэщIыныгъэшхуэ къарт.

АР къагурыIуэу, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм, КъБР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм, КъБР-м ВетериниремкIэ и управленэм, «Россельхознадзор»-м и управленэу КИФЩI-м щыIэм, щIыналъэхэм я щIыпIэ самоуправленэхэм я лэжьакIуэхэр зэгъэсэу пэщIэтыну ди щIыналъэм джэд пыхуэсыхум и щхьэр ящIыемыгъэIэтыным.

А уэзыр зыпкърытхэр республикэм къремыгъэшэным ехьэлIауэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зэхигъэува илъэс планымрэ КъБР-м и Правительствэм кьищта унафэмрэ тету, ветеринар, диагностикэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр республикэм махуэ кьэс щрагъэкIуэкI.

Республикэм и ветуправленэм и Iэщlагъэлъхэм зэрыжаIэмкIэ, джэд пыхуэсыхуэм пэщIэтыныныжьэ ахэр ядолажьэ джэдкъаз фермэхэм нэмыщI, унагъуэхэми, уней Iуэхущlапlэхэми икIи дэтхэнэми кьыгурагъаIуэ шынагъуэу абы кьыбгъэдэкIыр зыхуэдэр.

Къыхэдгъэщынщи, джэд пыхуэсыхуэ узыфэ зэрыщIалэр зыпкърыт республикэм щыIуэ нобэкIэ къаухтакъым, ауэ сатхьэн зэрыхуэвмэ Iэщlагъэлъхэм къыхагъэщ. Уней джэдкъазым ар кьахэзыхьэнкIэ хъунур губгъуэ, мэз джэдкъазэрщ. Абы ухуэбгалэрыгъ хъунукъым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къалэныщlэхэр зыхуагъэув

Дэтхэнэ унэтIынныгъэми теухуауэ хьэпсэ-лъахэщ УФСПП-м и къудамэхэм я унафэщIхэр, зыIууэ гугъуехьэр къагъэльагъуэри, ахэр зэрызэфIэхьыпхэри яубзыхуащ. Я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа унафэ хэхахэр кьащтащ.

ЗэIущIэм и кIэухуэ ягъэбелджылащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и суд приставэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ 2024 гъэм и япэ мазихьэм къапэщыт къалэнхэр.

УАРДОКЪУЭ Женя.

Туристхэр кърашалIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ дахэхэр нэхъ гъунэгъуу зрагъэщIыхуну Минводы кьалэм кьикIри, экскурсоводу 19 Налшык иджыблагъэ щыIащ.

РЕСПУБЛИКЭМ Курортхэмрэ туризмэкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэм къызэрыкIуащамкIэ, хьэщIэхэр автобускIэ крашэкIыупэ республикэм и щIыпIэ нэхъ дахэхэр ирагъэльэгъуащ. Псалъэм, абыхэм ди кьалащхьэм и Къэбэрдей уэрамым и льэс зекIуэлIэм къыщакIуахьащ, Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым, Политикэ зальным щызэкIэлъыкIуэрахьахэм я решеткэм щыIащ, Щоджэнщlыкlу Алий и музеймрэ Кулиев Кьайсын и музеймрэ зрагъэльэгъуащ.

Гъунэгъу щIыналъэм щыщ, дунеяплъэхэр, зыгъэпсэхуакIуэхэр кьезышэкIэр нэхьыбэу щIыналъэм къыщIэкIуар ди щIыпIэ дахэхэр зрагъэщIыхуу туристхэм я экскурсэм Налшык къалэпэр хэгъэхьэну яращ.

КъэщIэхэм зэрыжаIамкIэ, псом хуэмыдэу абыхэм гъэщIэгъуэн ящIыхьащ Щоджэнщlыкlумрэ Кулиевымрэ ятеухуа хьыбархэр. Кьыхахъащащ щIэ куэд кьызэрыхахар икIи я лэжьыгъэм хагъэхьэу а музейхэм туристхэр кьашэн щIадзэну зэрамурадыр.

НАУРЫЗЫКЪУЭ Ислъам.

МафIэсу къэхъум хощI

Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-кьеГъэлакIуэ и кьулыкъущlапlэм кьащIапщIэжащ къызэдгъэнэкIа илъэсым я лэжьыгъэм кьрикIуаэхэр.

2023 ГЪЭМ республикэм и мафIэсгъэункIыфI-кьеГъэлакIуэ Iэнатlэхэм я гупхэр лэжьыгъэ Iуэхукlэ 1725-рэ дэкIын хуей хъуащ, ипэ ита илъэсым ельытмэ, ар 31-кIэ нэхъ мащIэщ.

МафIэсгъэункIыфIхэм шынагъуэ кьыщIалъхьащ къыщIалащ цIыху 245-рэ, цIыхуи 6 лыгъейм къыхахащ, сом мелардрэ мелуан 790-рэ и уасэ мыльку кьрагъэлащ.

ЦIыху 19 хэкIуэдащ (2022 гъэм - 22-рэ). Абыхэм ящыщу 2-р сабийщ. Фэбжь зэхуэмыдэхэр ягъуэтащ цIыху 55-м (2022 гъэм - 50-м).

МафIэсхэм я нэхъыбэр къыщIэхъуащ хьэпшыпхэр, материкIэхэмрэ нэмкIымэ-шым ехьэлIэхэмрэ зэлухауэ щахьымэхэм (1313-рэ), псэупIэхэм (264-рэ). Ахэр кьрикIуащ мафIэм зэрыкъуэмысакъым, электроIэмэпсымэхэр щагъэувкIэ, къыщагъэ-сэбэпкIэ хабзэм зэрытемытым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-кьеГъэлакIуэ и кьулыкъущlапlэм и къэлыкъуэкIуэ-кьеГъэлакIуэ гупыр 126-рэ ежьэн хуей хъуащ, къахэныкъуэ хъуахэм я деж кIуэуэ, абыхэм цIыху 71-рэ къыщIэгъэлащ, лей зытехьа 94-м ядэIэпыкъуащ.

2023 гъэм я лэжьыгъэм кьрикIуаэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-кьеГъэлакIуэ и кьулыкъущlапlэм къыхьэ хъуащ цIыху 55-м щIэлъэкIуэ ящыщу илъэс еплIанэ хъуауэ зэкIэлъыкIуэу нэхъыфIу кьалъытащ Лэскэн районым и Анзорей кьуажэм щыIэ ПСЧ №14-р (унафэщIыр Гуэбэщыкl Казбекщ), Дзэлъкъуэ районым щыщ Каменномост кьуажэм дэт ПСЧ-17-р етIуанэщ (унафэщIыр Бей Муратщ), ещанэ увыпIэр лъысащ Бахьсэн районым хьыхь Зеикъуэ кьуажэм щыIэ ПСЧ-15-м (унафэщIыр Хьэгур Славащ).

ПСЧ-м и унафэщIхэм я деж япэ увыпIэр щыбгъэдэкIа Бей Мурат, Гуэбэщыкl Казбек етIуанэщ, ещанэр Хьэгур Славэщ.

Я лэжьыгъэм кьрикIуаэхэр кьапщIэтэжри, мафIэсгъэункIыфIхэмрэ кьеГъэлакIуэхэмрэ 2024 гъэм ехьэлIа кьахэзыхьащ хуагъэуващ, - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-кьеГъэлакIуэ и кьулыкъущlапlэм и лэжьакIуэ Сэбан Арсен.

УАРДЭ Жантинэ.

Урысей ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ 2023 гъэм я лэжьыгъэм кърикIуаэхэм щыхэпльэжа, дызыхьыха илъэсым къапэщыт щагъэнэжаIуа зэIущIэ.

СУД приставхэм я федеральнэ кьулыкъум и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщI Бауаев Ахъмэт тепсэлъыхьащ 2023 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм, зэпкърыхауэ кьытеувыIащ къапэщыт унэтIныныгъэ нэхъыщIэхьэхэм.

Псалъэмакъым кьызэщIиувыбдащ судхэр щекIуэкIкIэ хабзэншагъэ щымыIэным, цIыхухэм я хуитныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ кьащхьэщыжьыным ехьэлIа-хэр.

Редактор нэхъыщIхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариан-нэ, Щхьэщэмыщl Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщIхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьэбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэжьмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.474
Заказыр №165

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщIыхэ бжыгъэхэм, къыщIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытехахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплIыкIэр зэтехуэ зэпыту щIыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДДЭКIЫГЪУЭМ ЕлЭжьАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къудзэ **ДыщэкI Соня,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.)*,

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жанэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.